

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Lapè Kris la

Lapè toutbon vre a pou Ayiti

Karèm 2023

Ane A

27yèm ane

Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki prepare refleksyon sa yo. Nou remèsye tout moun ki bay konkou yo pou ede n prepare tèks sa yo. Gwoup prenovisyas Misyonè CICM (Scheut) ; GRR (Gwoup Rechèch ak Refleksyon CE-JILAP) ak patisipasyon CEEC (Komisyon Episkopal Edikasyon Katolik). Gwoup Emayis chapèl Srs. MIC. Tout lektè yo ki te revize dokiman an. Mme Jocelyne Colas, P. William Smarth, P. Gasner Joint, omi, P. Gary Bastien, cism, Sè Nadige Jean-Charles, fdlis, P. Bavon Mubakanda Mulowayi, cism. Kòdinasyon : P. Jan Hanssens, cism.

Komisyon an kapab pibliye dokiman sa a, gras ak konkou lajan Caritas Westmalle, Eglise en Détresse ak Adveniat. Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè sèl ki reskonsab sa ki ekri nan dokiman sa a.



*Nou pibliye 5.500 kopi nan dokiman an
Yon kopi separe koute 150 goud*

Dokiman Legliz nou site
LS – Laudato SI
EG – Evangelii Gaudium
CV – Caritas in Veritate
PP – Populorum Progressio
JM – Justice dans le monde
Document Aparecida - CELAM
Mesaj Jounen mondyal Lapè 1972, 1975, 1987, 2023

Yon ti mo pou louvri tan Karèm 2023 an Lapè Kris la – lapè toutbon vre a pou Ayiti

Tout moun di se lapè y ap chèche, se pou lapè y ap travay. Lapè nan tèt, lapè nan vant, lapè nan kè ak nan lespri, lapè nan fanmi yo ak pou tout sosyete a. Epoutan, nou wè difikilte ki genyen pou moun antann sou sa lapè vle di, alewè pou yo ta klè sou chimen an ki mennen nan lapè a.

Jezikri menm pwomèt nou lapè, men « pa nan jan latè a bay li ». Se Jezi ki leve vivan an ki bay lapè, sa vle di : se Jezi, nèg Nazarèt la, ki te viv nan mitan nou, ki te preche, ki te fè moun kanpe, ki mouri paske yo asasinen l, epi ki leve vivan. Li te pase nan tout tribilasyon sa yo pou l te kapab montre n ki chimen ki mennen nan vrè lapè a: chimen renmen, chimen bay tèt ou, chimen sonje frè ak sè ou yo, chimen renmen ata lènmi ou yo.

Ki sa sa vle di pou nou menm pèp Ayisyen k ap chèche lapè? K ap denonse tout sa k twouble lapè? Ki pafwa sèvi ak vyolans pou fè lide n pase: vyolans nan diskou ak nan aksyon tou? Gen menm gwoup moun ki nan non lapè ap pran zam epi enpoze volonte yo sou lòt san gade dèyè. Eske lapè se yon rèv nou pa janm kapab reyalize? Eske lapè ap rete yon bagay byen lwen nou pa janm kapab jwenn? Peyi kote Bondye Wa a se « jistis, kè poze (lapè) ak kè kontan », selon sa Pòl ki sen ekri nan lèt pou moun Wòm yo (14, 17). Nou konnen Peyi Wa a se yon kado n ap resevwa nan finisman tan an; epoutan, Jezi envite n tounen moun k ap bati lapè, pou n mete men pou montre nou kwè nan li, epi n ap espere l ak tout fòs nou.

Rèv lapè a, rèv Lapè toutbon vre a, lapè ki rezilta jistis la, dwe oryante epi gide aksyon nou yo. Nou pataje rèv Bondye limenm pou tè sa a. An n mete men pou n kapab reyalize l. Tan karèm 2023 ap pèmèt nou antre pi fon nan lapè n ap chèche pou peyi nou an, ak chimen Kris la pwomèt nou ki mennen nan lapè nou espere a. « Se lapè mwen ba nou; se pa jan tè a bay li mwen ba nou li. »

Ekip CE-JILAP swete n yon bon Karèm 2023

Présentation du carême de 2023

La Paix du Christ – La vraie paix pour Haïti

Tout le monde parle de la paix et prétend chercher et travailler pour la paix. La paix dans l'esprit, la paix dans le ventre, la paix dans les cœurs, dans les familles et dans toute la société. Pourtant, nous constatons la difficulté que les gens rencontrent pour s'entendre sur ce que signifie la paix ; ne rêvons pas qu'ils auraient une idée claire sur le chemin à suivre pour la réaliser.

Jésus Christ nous promet la paix, « mais pas à la façon du monde. » C'est Jésus le ressuscité qui donne la paix, Lui qui a vécu parmi nous, qui a prêché, qui a mis les gens debout, qui est mort-assassiné, et qui est levé vivant. Il a subi toutes ces tribulations pour montrer le vrai chemin qui conduit vers la paix : le chemin de l'amour, de l'attention pour les autres frères et sœurs, le chemin de l'amour même des ennemis.

Qu'est-ce que cela signifie pour nous, Peuple haïtien qui cherchons la paix ? Qui dénonçons ce qui trouble la paix ? Qui se servons des fois de la violence pour imposer nos idées : des discours de violence et des actes violents ? Il y a même des groupes qui, au nom de la paix, prennent des armes pour imposer leur vision aux autres sans aucune réserve. Est-ce que la paix serait un rêve qu'on ne pourra jamais réaliser ? Est-ce que la paix restera un objectif qu'on ne pourra jamais atteindre ? Le Royaume de Dieu, selon l'expression de saint Paul dans sa lettre aux Romains, est « justice, paix et joie dans l'Esprit Saint » (Rm 14, 17). Nous sommes bien conscients que le Royaume de Dieu est un don de Dieu à recevoir à la fin des temps ; et pourtant, Jésus nous invite à devenir des artisans de paix, de montrer en quoi nous croyons, et à espérer sa réalisation de toutes nos forces.

Le rêve de la paix, d'une paix-dans-la-justice (une paix juste) doit orienter et guider nos actions. Ce rêve est le rêve de Dieu lui-même pour notre terre. Mettons la main à la pâte pour le réaliser. Ce temps de carême 2023 nous permettra d'approfondir le sens de la paix que nous recherchons pour notre pays, et le chemin que le Christ nous propose comme une promesse qui mène à sa réalisation que nous espérons de tout cœur. « Je vous donne la paix ; mais pas à la façon que la terre la donne. » *Un fructueux temps de carême 2023 !*

Nòt sou jan n sèvi ak mo yo : Shalom, lapè, kè poze ...

Lang kreyòl la genyen diferan mo pou pale sou « *SHALOM* » nan lang ebre (nan lang Jezi a) oswa « la paix » nan lang franse a. Konsa, nou pale sou lapè, kè poze, anpè.

1. Lapè ak Kè poze

Ak mo « lapè » a nou plis pale sou bon relasyon nan sosyete a, pawòl « kè poze a » plis mete laksan sou bon santiman ki nan kè moun nan : viv byen ak tèt ou oswa ak moun ki pwòch ou. Se sa viv « anpè » tou vle di.

Kè poze anndan moun nan pa menm ak lapè nan sosyete a. Men yo toude makonnen ansanm. Pou yon moun kapab travay pou lapè nan sosyete a li dwe viv anpè ak pwòp tèt li. Anpil moun pale sou lapè sosyal, men yo pa viv anpè (nan kè poze) ak pwòp tèt yo. Konsa, diskou yo a ak aksyon yo manke efikasite.

2. Lapè toutbon an

Dokiman karèm nan pale sitou sou lapè sosyal la, ki chita, limenm tou, sou kè poze moun ak tèt yo. Men, pale lapè nan sosyete a tou mande plis detay. Konsa, nan tèks la nou sèvi ak « lapè toutbon an », « lapè toubon vre a ». Nou pale tou sou « lapè ki kòrèk la » : lapè ki fwi jistis la ; se pa yon pawòl nou abitye. Nou mare lapè ak jistis, pou montre vre lapè sosyal la pa kab egziste si pa gen jistis. Lè sa tou, jistis nou pale a, se jistis sosyal plis pase jistis legal, ki se respè pou lalwa ak tribinal yo. Jistis sosyal mare ak « ekite » epi ak « lavi pou tout moun » ak respè pou tout lakreyasyon an, selon sa LS fè n wè.

Nan lane 2000, Pax Christi Entènasyonal ak Dikastè pou devlopman entegral moun (ki chita nan Vatikan an) te reflechi ansanm pou Legliz kapab genyen yon langaj sou lapè ak nonvyolans ki pi koyeran, ki pi konsekan ak lansèyman Levanjil la. Yo vini ak lide « Just Peace » (nan lang anglè), ki vle di : lapè dwe fèt nan jistis ak selon sa k kòrèk pou li kapab lapè toutbon. Se nan lespri sa a nou pale sou « lapè ki kòrèk la » pou montre ki jan lapè sosyal toujou dwe mache ak travay pou gen jistis nan sosyete a ak nan tout relasyon moun ak moun.

P. Godefroy Midy ekri

Mwen renmen jan nou mete ansanm lapè Kris la ak lapè pou Ayiti. Lapè pou Ayiti mande yon veritab konvèsyon pou Ayisyen. Plis li gen bon relasyon ak Kris la, se plis

li kapab renmen peyi l, nan asepte tout kalite sakrifis pou yon lòt Ayiti. Renmen Ayiti reklame renmen Bondye, renmen pwochen w. An reyalite, renmen an fòk li la tout kote. Si se tèt ou sèlman ou renmen, si se vle ou vle sèvi ak peyi a pou regle zafè w, bliye sa.

Mwen panse, fòk nan katechis, enstriksyon sivik, retrèt ak jèn yo, nan mouvman aksyon katolik yo, fòk nan tout kote sa yo, ta gen yon apwòch diferan. Anpil moun yo genyen Bondye pou dimanch, yon lòt pou semèn nan. Mare lajistis ak renmen, mwen pa kwè li fò nan jan moun yo gen relasyon ak Bondye, ak larelijyon, ni ak moun.

Kontinye bèl travay mare lafwa, lajistis ak renmen ansanm. Bondye beni nou.

Gogo (P Godefroy Midy, sj)

Nan ki objektif JILAP mete gid sa a deyò chak ane depi 27 lane kounye a?

Chak ane JILAP - depi 27 lane - pwopoze yon gid pou tan karèm nan pou gwoup Jilap yo, pawas yo, ak lòt gwoup ki vle sèvi ak li, ki pou pèmèt nou:

- a. Konnen epi konprann Ansèyman sosyal Legliz la pi byen. Ansèyman sosyal li se yon zouti efikas pou preche Levanjil la, selon konviksyon fò Legliz nou an. (Gade EN, n.29 ; EG, n.178).
- b. Mare lafwa ak lavi sosyal kretyen yo. Tan karèm prepare n pou fèt Pak la. Pandan tout tan karèm nan, nou wè ki jan Bondye kreye moun, rele yon pèp, libere l nan esklavaj epi prepare l ak vwa pwofèt yo pou l temwen l pami lòt pèp pou lavi, libète ak lapè toutbon an. Nouvo pèp sa a jodi a, se nou menm. Legliz se sakreman Peyi Wa a ki wojè Papa a reyalize ansanm ak nou.
- c. Pwopoze yon tèm pou tan karèm nan, ki kontre ak konjonkti peyi a ap viv la. Ane sa a, nou pwopoze n lapè Kris la. Nou anvi lapè, Jezi montre n chimen an. An n chèche konnen l pou n kab swiv li.

Nou fè sonje tou : dezyèm dimanch tan karèm nan, se dimanch nasyonal Jistis ak Lapè nan peyi d Ayiti. Sa se desizyon Konferans Episkopal Ayiti te pran. Komisyon an konte sou lapriyè fidèl yo, sou kontribisyon finansye yo ak sou tout lòt apui pou travay dwa moun nan peyi a kapab vanse.

CE-JILAP

Premye dimanch Karèm
26 fevrier 2023

Se pa tout chimen ki mennen nan lapè

Jezi konbat tou sa ki antrave lapè

Jenèz 2, 7-9 ak 3, 1-7 : Bondye soufle yon souf lavi nan twou nen moun nan.

Li plante yon jaden, epi li mete moun li te fè a ladan l.

Women 5, 12-19 : Adan se pòtrè Sila a ki te dwe vini an.

Matye 4, 1-11: Lespri a mennen Jezi nan savann dezole a pou djab la tante l.

Kèk lide pou litiji a

Yon senbòl pou premye dimanch tan karèm nan :
Plizyè aksyon nan litiji a kapab montre nou kase tèt tounen vin jwenn Bondye :

- **Nou kapab mete sann sou fwon moun yo, tankou nan mèkredi dèsan ;**
- **Nou kapab envite fidèl yo vin mete men yo sou Labib la ;**
- **Moun yo kapab pwoche fè yon siy lakwa ak dlo ki nan yon kivèt pou sonje batèm yo.**



Konprann Pawòl Bondye a

- Jezi fin batize, l ap kòmanse preche chimen lapè ak kè poze pou tout moun. Anba souf Lespri Sen an, li retire kò l nan dezè a kote l pran tan koute Papa l. Konsa, li konprann sa k ap tann li. Lè djab la parèt devan l, li kapab di NON devan tout sa k antrave pwojè Papa l la, sa k pa pote lapè vreman.
- Li di NON devan yon ekonomi k ap touye pòv yo nan jan l mache. An n pran konsyans gwo enfliyans ekonomi an genyen sou lavi nou chak jou : nou gade reklam ki di n sa n dwe genyen ; ekonomi an kreye bezwen, kit nou vle l kit nou pa vle l, kit li bon pou nou, kit li pa itil nou anyen.
 - Li di NON devan yon fason pou konprann lavi politik ak sosyal peyi a, k ap fè moun ki sou kote ak pòv yo peye byen chè tout chirepit ki genyen pami sa k chèche pouvwa pou tèt yo.
 - Li di NON devan yon fason pou konprann Bondye ki sans lavi a ak larelijyon an ki pa sa. Moun konn sèvi ak non Bondye ak « Bondye bon », kòm si moun pa t resevwa okenn responsablite nan men l.

Satan vle pou Jezi sèvi ak sa Bondye ba li pou misyon l ; li vle li detounen l pou regle afè pa l.

« Di wòch yo tounen pen, » montre yon pouvwa ekonomik ki pa chita sou travay. « Jete kò ou anba, » sa se pawòl yon pouvwa politik ki chita sou demagoji ak fo pwomès.

Ki sa k menase lapè toutbon an Ayiti ?

Yon gwo distans separe rich ak pòv.

Manke opòtinite ak posiblite pou jèn, menm pou sa k te jwenn bon edikasyon ak fòmasyon.

Sa k responsab manke konprann wòl ak responsablite yo.

Edikasyon pa montre vrè responsablite ak anvi lapè.

Resous peyi a pa nan sèvis popilasyon an: manke sèvis piblik efikas.

Gen twòp koripsyon ak enpinite.

Respè pou lavi ak pou moun fè bak.

Yon kesyon fondamantal ki gade lapè: Eske moun yo anpè ak tèt yo?

Eske yo renmen tèt yo?

Eske yo kontan moun yo

ye a? Eske yo fyè yo se

Ayisyen?

« Bese tèt devan m, » se siy yon pouvwa relijye ki bliye kilès ki Bondye toutbon vre a.

- Liv Jenèz la ede n konprann sa yon moun ye nan relasyon l ak Bondye Kreyatè a, ak lòt yo, ak tout lakreyasyon an ni ak **pwòp tèt li tou. Moun fèt ak pousyè tè ...** paske nou fè pati tout kreyasyon Bondye a. Epi, Bondye soufle souf li nan twou nen moun nan... ki vle di, nou fè pati sa Bondye ye. « Bondye kreye n pòtrè ak li ». Epi, moun fèt gason ak fi, nou fèt youn pou lòt, nou konplete youn lòt paske nou pa menm. Sa se diyite n ; sa se misyon n tou pou kreye lapè ant nou menm, ak sa Bondye kreye, ni ak Bondye limenm tou.
- Plis toujou, Bondye plante jaden an epi li mete moun kòm gadyen li. Bondye konfyè kreyasyon li nan men moun, kòm siy respè ak reskonsablite. Li fè n konfyans, li ba n libète ak « pouvwa » sou kreyasyon an ak nan relasyon nou tabli ak lòt moun. Pouvwa sa a pa la pou dominan, men li montre n gwo reskonsablite n genyen. Li kreye kondisyon pou moun viv nan lapè ak tèt yo, ak lòt yo, ak Kreyatè a.
- Adan, premye moun nan ak sa k vin apre l yo, pa t viv alawotè diyite yo, menm jan ak moun jounen jodi a. Pwojè Bondye a la depi anvan kreyasyon an fèt, epi tout sa k egziste antre ladan l. Se Jezi ki fè n konprann pwojè sila a nan tout bèlte l ak tout konsekans li yo. Nan leve Jezi leve pami mò yo, pwojè a vanse reyalize nan mitan nou. Jezikri pote lapè, men pa nan fason tè a, sosyete nou an vle bay li; se pa nan fason moun vle bati lapè li menm.
- Lapè se yon batay pou respè moun. Eske n dakò antre nan chimen sa ? Nan premye dimanch tan karèm nan mete n devan sa k pwojè Bondye a ak sa k vokasyon n. Chak dimanch n ap medite sou pwojè sa a, pou n kapab konprann pi byen sa lapè vle di ak ki chimen ki mennen l al jwenn li.

Se pa tout chimen ki mennen nan Lapè toutbon an

- Ki sans lavi nou ansanm ak lòt ki nan kominote a genyen, si se pa nan lapè ak kè poze nou jwenn li ? Nou kwè nan yon Bondye ki renmen, ki kreye n, ki ban n lavi, paske l renmen n, epi ki kreye moun pou renmen. Lapè se renmen nan relasyon nan mitan moun ki bay li. Poutèt sa, lapè n ap pale a se pa lè pa gen lagè oswa lè n kase fèy kouvri sa k pa sa, men, se **lapè toutbon vre a, lapè ki kòrèk** la¹ n ap chèche. Lapè ki rezilta sa k kòrèk la, se konsa yo renmen di l kounye a,
- Men chak moun gen limit, mankman ak peche li. Anbisyon, anvi pouvwa, anvi onè ak lajan menase relasyon yo nan mitan moun. Moun pa sèlman genyen santiman renmen ak bon santiman pou lòt lakay li. Li vle reyalize tèt li, li vle avanse ak grandi. Sa konn antre an konfli ak lòt yo, ki la bò kote li.
- Moun lasyans yo di konsa : yon moun pa fèt « nonvyolan » epi li vin vyolan annapre. Non, chak moun genyen toude kapasite yo nan li menm pou l vyolan oswa nonvyolan ... Ak zouti edikasyon, epitou selon anviwonman an yo kreye pou li, yo prepare li pou l sèvi nan vi li ak plis oswa ak mwens vyolans. Edikasyon ak enstriksyon, se pa sèlman nan lekòl yo bay li, men tou nan medya yo, nan fanmi yo, nan relijyon yo, ... (se konsa Ogarit Younan² di l).
- Nou gade nan levanjil la jodi a. Tantasyon Jezi te sibi yo, lè l te vin fè l moun menm jan avè n, montre sa : anvi dominasyon ekonomik (ak byen yo), anvi dominasyon politik (ak tout kalite pouvwa oswa otorite sou lòt),

¹ Lapè ki kòrèk la, se konsa nou tradui sa yo te rele Just Peace nan yon konferans Pax Christi International te òganize ak Konsèy Pontifikal Justice et Paix (Dicastère pour le Développement humain intégral) nan lane 2018. Lapè dwe mache ak sa k kòrèk, ak jistis.

² Ogarit Younan, se yon fanm nan peyi Liban. Li sosyològ, epi l ap lite anfavè nonvyolans nan peyi l. Pou sa li te fonde AUNOHR (Academic University for Nonviolence and Human Rights).

anvi dominasyon ak tout lòt enfliyans (relijyon, onè, siksè, ...) te aji sou li ... Li sibi tantasyon yo ki mennen sosyete nou an ; li pa t bay yo legen. Se sa istwa tantasyon Jezi sibi nan dezè a, yo rakonte nan levanjil yo fè n wè. Kado Bondye bay pou fè misyon I, pa dwe sèvi pou avantaj pèsònèl.

- Ki sa k twouble lapè nan kè yon moun, nan mitan moun yo ak nan sosyete a ? Moun ki renmen lapè, yo renmen lavi epi y ap travay pou genyen lavi kote yo ye kòm kondisyon pou lapè fleri. Men ki sa yon filozòf ki rele Erich From te di sou koze a³ :

Kalite sosyete a ki plis pèmèt devlope « renmen lavi » se kote k genyen *sekirite*. Sa vle di : kondisyon materyèl yo dakò ak diyite egzistans moun genyen. Se kote k genyen *jistis*, sa vle di: yon moun pa kapab sèvi ak yon lòt moun pou reyalize enterè pèsònèl li. Se kote k genyen *libète*, sa vle di: chak moun kapab yon manm aktif ki gen responsablite nan sosyete a.

Dènye pwèn sa a enpòtan anpil anpil, paske menm si moun yo santi yo an sekirite epi genyen jistis, sa pòkò vle di genyen renmen lavi pou sa si an menm tan yo pa fè anyen pou ankouraje *kreyativite* moun yo. Menm si moun yo pa esklav, men kondisyon sosyal yo fè yo oblije aji tankou yon machin (tankou moun ki pa gen dwa reflechi), se « renmen lamò » ka pral gide yo.

- Chak moun genyen diferan tandans nan li menm ... nou swete lapè ak lavi, epoutan nou konn pran plezi nan malè ak lamò lòt. Nou renmen sa k bèl, men gen anpil neglijan lè se nan avantaj lòt nou dwe fè l. ... Poutèt sa : **lapè, nou dwe aprann li, nou dwe kiltive l, nou dwe pèmèt li grandi, epi aji selon tout egzijans ki anndan l.**

³ Gade : Jistis ak Lapè, *Dwa moun ak kilti pèp Ayisyen an*, seyans 4 : renmen lavi, renmen lamò.

- Lapè toutbon an, oswa lapè ki kòrèk la pa kab rezilta « pran tout pou ou », li pa kab sòti nan lit pou pouvwa ki gen tout kalite abi kòm rezilta, li pa kapab pran plezi nan malè yon frè oswa yon sè.

Aprè nou fin li tout koze sa a, ki sa n panse sou li ?

Ki jan nou wè sosyete nou an? Eske li montre moun renmen lapè ak lavi?

Ki eksperyans nou menm nou genyen ak chimen ki pa mennen nan lapè ?

Ki jan nou chak nou kapab reziste devan divès tantasyon nan lavi a ?

Chèche egzanp ki byen konkrè.

Moun ak enstitisyon k ap lite pou lapè

Lè n gade depans leta yo nan mond lan ap fè, nou wè gwo mwayen yo toujou ale nan pi bon mwayen pou fè lagè. Otorite yo panse se lè yo prepare lagè kont lòt kretyen parèy yo, y ap travay pou lapè.

Yo bliye edike timoun ak jèn yo pou kreye lapè epi pou viv nan lapè.

Gen mouvman ak òganizasyon k ap swiv jan y ap pwodui zam nan lemond, paske yo vle pou zafè zam fini.

Men kèk enstiti ki mare ak inivèsite:

- **SIPRI**, an Swèd: li etidye sityasyon zam ak komès zam nan diferan peyi yo.
- **SAS, Small Arms Survey**, nan peyi Laswis, pibliye chak lane yon rapò sou zafè ti zam yo nan diferan peyi yo.

Konnen sityasyon an, pèmèt travay pou dezameman kapab fèt yon fason konsekan.

*Yon mouvman katolik pou lapè se **Pax Christi Entènasyonal**. Mouvman an fonde aprè dezyèm lagè mondyal la. Objektif li sete travay pou gen rekonsilyasyon ant pèp Franse ak Alman, pou gen respè pou diyite ak dwa moun. Li egziste nan tout kontinan : Ewòp, Amerik, Afrik, Azi. Komisyon Jistis ak Lapè an Ayiti manm asosye nan mouvman sa a. Nou kapab li tout istwa mouvman an nan Bilten JILAP, n.34, p. 38-39.*

Dezyèm dimanch tan Karèm 2023 5 mas : Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè

Komisyon an se yon zouti Legliz la mete nan men n pou ede n :

Mare lafwa nou ak reskonsablite sosyal nou yo kòm kretyen ;

Fòmè tèt nou nan Ansèyman sosyal Legliz la ;

Pran defans diyite ak dwa frè ak sè nou yo nan peyi d Ayiti a.

Men ki aktivite rezo Komisyon JILAP yo ap reyalize nan peyi a:

- Fòmasyon sou dwa ak devwa moun ; sou lalwa ; sou lapè ak sou dyalòg pou chanje figi konfli yo ; pou montre moun defann dwa yo ; sou bon relasyon n dwe genyen ak tout sa Bondye kreye;
- Akonpaye viktim abi, enjistis ak vyolasyon dwa moun devan sèvis Leta yo ; ede moun regle konfli antre yo ;
- Obsève epi denonse tout mank respè pou lavi ak vyolasyon dwa moun ; lonje dwèt sou vyolans nan zòn metwopoliten an ak nan tout peyi a ;
- Travay pou refòm sistèm Lajistis nan peyi a.

**Mete yon komisyon lokal nan pawas pa w la.
Komisyon an konte sou lapriyè n ak konkou n.
Tanpri, pèmèt Komisyon an rann plis sèvis
grasa konkou lajan ou, ni ak konkou lapriyè ou.**


*Dezyèm dimanch Karèm
Dimanch Nasyonal Jistis ak Lapè
5 mas 2023*

Lapè ki kòrèk la se yon chanjman toutbon

Figi Jezi klere

Jenèz 12, 1-4 : Abraram, kite peyi ou Al nan peyi m ap montre ou la.
2 Timote 1, 8-10 : Jezi fini nèt ak lanmò, li fè lavi parèt aklè.
Matye 17, 1-9 : Figi Jezi klere tankou solèy.

Kèk lide pou litiji a



Yon senbòl pou dezyèm dimanch tan karèm nan :
Pote yon boul tè nan yon laye ... Se tè sa a ki peyi n. Sou tè sa a nou dwe bati peyi nou an, epi konstwi avni pèp nou an.
Nou kapab pike plizyè ti bwa ki pote non yon atitid ki nan enterè tout moun nan ak chak moun.
Moun kab bay lanmen ...
Moun kab bay akolad ...

Konprann Pawòl Bondye a

- Jezi pote yon chanjman radikal ba nou. Se sa evènman sou mòn Tabò a montre. Eli ak Moyiz t ap lite nan tan pa yo pou dwa Bondye ak dwa moun ki pi fèb yo. Jezi fè n wè aklè kisa chanjman an egzije : fidelite ak Bondye, ak pèp la, ni ak tèt ou tou. Sa se chimen lapè toutbon vre a. Fidelite sila a mande bon jan konprann, chèche konnen, byen kalkile nan limyè lafwa a, pou wè ki kote Bondye ap aji. Nou kwè nan prezans Bondye nan listwa ; se sa prezans Jezi nan mitan n asire n.

Kò Jezi ki pral souffri a viwonnen ak limyè pou anonse n Jezi ki pral leve dimanch Pak nan limyè. Se espwa pou kò nou k ap travay, k ap souffri : ki kapab chanje tou. Se limyè batèm nou vle di pou kò nou.

- Lè yo desann sou mòn nan, Jezi pale ak patizan yo sou yon chimen kalvè li pral mache. Chimen chanjman toutbon an kote l bay tèt li pou lòt, se yon konba Jezi te mennen, se li k chimen Pak la, chimen lapè tout bon an.

Jezi montre li se yon moun toutbon. Li chanje figi ; tout kò l klere sou mòn nan. Se tout limenm ki parèt jan l ye vre. Ak kò n epi jan n aji ak li, nou montre kilès nou ye. Gras ak kò nou, nou youn rankontre ak lòt, youn kapab sansib pou lòt, youn kapab

Lapè ki kòrèk la Lapè toutbon vrè a

Se pa tout lapè ki « lapè ki kòrèk ». Kase fèy kouvri sa, plimen poul la pa kite l rele, silans oswa lapè simityè : se pa yo ki lapè toutbon an.

Lapè ki kòrèk la chita sou :

- Respè pou tout moun ak pou diyite yo ;
- Patisipasyon tout moun ;
- Sans reskonsablite toutbon ;
- Verite ak transparans ;
- Jistis ak sa ki dwat ;
- Konfyans youn nan lòt;
- Mefyans ak laperèz kaba;
- Respè pou lalwa ak antant yo;
- Respè lanati;
- Respè pou medam yo;
- Pwoteksyon pou timoun yo;
- Respè lavi ak kò moun;
- Pran swen lòt yo;
- Bay vi ou tankou Jezi.

renmen lòt, youn kapab pran ka lòt. Nou fè pati kreyasyon Bondye ak listwa peyi n. Lè n wè yon moun ap souffri, se tout kò n, kè n ak zantray nou ki santi l. Se vre, nou plis pase kò n, men si n pa t gen kò sa a, nou pa ta kapab patisipe vrèman nan tout reyalite lavi a kote Lespri Jezi ap ajì, ap travay pou reyalize Peyi kote Bondye Wa a.

- Dezyèm dimanch karèm nan mete n devan **nesesite pou gen chanjman, si se lavi ak diyite moun ak pèp nou, n ap defann**. Jezi, ki Bondye nan mitan nou, ofri n chimen chanjman an. Se nou ki pou asepte l epi ki pou reyalize l ak konkou Lespri Bondye a. Ki chanjman ki nesèsè pou kondisyon lavi n ap mennen an kapab annakò ak diyite nou kòm moun ? Pou kab gen vre lapè ak kè poze nan peyi nou an ?

Abraram te oblije kite peyi kote l te fèt la, pou pwomès Bondye yo kapab reyalize. Sa vle di : Gen yon seri bagay li te dwe kite dèyè. Gen yon wout pou l fè. Gen yon chimen pou l mache ladan, li menm, fanmi li, ak tout pèp la k ap vini apre li menm. Se kokennchenn patisipasyon sa a Abraram genyen pou bay pou reyalize pwojè Bondye a. Kite yon peyi ak abitud e tradisyon li yo, se yon chanjman radikal. Chanje mantalite, koutim ak òganizasyon sosyal antre ladan tou. Se yon disènman ki aprann nou wè klè. Li fè n wè nan ki chimen Lespri Bondye envite n pou n avanse.

Kite yon peyi pou ale nan yon lòt se yon gwo afè nan sosyete jodi a, nan peyi dAyiti ! Ki sa k bon ladan l, Ki move kote l genyen ? Nou bezwen chanjman, ansanm ak tout peyi n. Lapè-ki-kòrèk, lapè toutbon fèt Pak nou kwè ladan an, dwe parèt depi isit la. Jan Apòt Pòl di l : « Lagras Bondye vin vizib devan je nou. » Nan pawòl sa a, li bay tout sekrè Pawòl la ki tounen moun. Eske nou tanmen wè prezans Nouvo Lavi a nan mitan n, nan pwòp lavi n tou ?

Ansanm, nan fratènite ak solidarite, n ap konstwi lapè epi garanti jistis ...

Pap Franswa, Jounen mondyal Lapè, 1 janvyè 2023

Lapè ki kòrèk la se yon chanjman toutbon

- Bondye ofri n lapè li epi li ede n reyalize l anndan listwa nou sou tè a. Konsa, Bondye sove n anndan listwa. Konsa, nou dwe pran listwa n ap viv la oserye, paske se yon sèl istwa ki genyen. Se anndan listwa sa a Bondye rele n, se ladan li fè wout ak nou. Se vre, istwa nou an plen ak konfli ak lagè; se istwa sa a ki dwe tounen yon istwa kote k gen lapè ak kè kontan.
- Konsa, pa gen de (2) listwa: kòm kwa ta gen yon istwa moun sou tè a, ak tout vyolans ak peche, menm si n dekouvri bèl bagay ki genyen tou ; epi, ta genyen listwa ak Bondye nou rele « istwa sakre » oubyen « istwa kote Bondye sove moun » (sa n rele an franse : *l'histoire du salut*). Se pa sa nou wè nan Labib la. Se anndan listwa a moun sou tè a, ak tout sa k bèl ladan l, men tou, ak tout sa k lèd, Bondye mache ak pèp li a, pou l mennen l nan peyi libète. Se konsa tou, li mennen nou, yon fason nou pa konnen ni nou pa konprann, ak pwòp kolaborasyon n, nan kè kontan ak lapè pou limanite. Nou kwè nan Bondye ki fè wout ak nou pou transfòme istwa peche nou an nan yon istwa rekonsilyasyon ak Bondye, rekonsilyasyon moun ak moun, nan yon iswa lapè toutbon vrè ak kè kontan ki abouti sou Peyi kote Bondye Wa a.
- Pou moun ki gen lafwa, Bondye kapab transfòme istwa n ki plen vyolans ak malveyans nan yon istwa lapè ak lagras. Sa se travay fòs Lespri Sen an nan mitan n. Se sa Jezi te montre n. Jezi ki chanje figi devan disip yo, montre n aklè se nan yon lòt kalite lavi Bondye rele n, yon lavi ki sanble ak lavi Jezi ki leve a. Jezi ki sou wout lavi a ak nou, ap mennen n pou n rive ladan l. Poutèt sa tou, Eli ak Moyiz kanpe bò kote Jezi sou mòn nan.

- Nou kontan li Labib, epi nou pa gen difikilte pou wè Bondye ap travay nan listwa pèp li a, depi li kreye l, pase sou Noye ak Abraram. Menm lè pèp la nan esklavaj epi Moyiz libere yo, ak lè l nan egzil. Pèp Bondye a te dwe aprann viv kòm yon pèp ki òganize ; yo gen chèf tout kalite, sa k bon ak sa k pa bon ; epi pwofèt yo fè yo sonje wout pou yo swiv.
- Nou etidye Labib pou wè Bondye ap aji epi li renmen pèp li a. Men tou, nou dwe li Labib pou aprann gade pwòp istwa n tankou istwa pèp Ayisyen an ak Bondye. An n gade istwa n byen pou anndan tout sa k bon ni sa k pa bon tou, nou dekouvri Bondye ap mache ak nou, li rele n, li envite n pou n konstwi lapè toutbon an ak kè kontan pou pèp Ayisyen an.
- Gen kondisyon pou rive nan lapè. Legliz la nan Ansèyman sosyal li, di l konsa⁴ : lapè se **jistis, devlopman** ak **rekonsilyasyon** (se konsa Pap Pòl VI te di l), lapè se **devlopman** kote moun kapab mete kapasite yo deyò, ak **solidarite** kote youn pran swen lòt (Pap Jan Pòl II). Se yon lapè konsa kote k gen jistis, devlopman, rekonsilyasyon ak solidarite ki bay yon ti goute davans sa Peyi kote Bondye wa a ye. Se lapè konsa nou rele « lapè ki kòrèk » la. Lapè sa a mande yon chanjman total kapital ; men tou, li mande nou gade tout listwa n ak pwòp tèt nou yon lòt jan, paske nou se asosye Bondye pou fè listwa a mache.

Si peyi a pa jwenn lapè, ki sa k lakòz ?

Kisa ou kapab fè pou ede lapè tabli lapè nan zòn pa w la ?

Ki bèl moman pèp Ayisyen an te viv nan istwa li ? Eske nou konprann Bondye te prezan lè sa ?

Ki chanjman lapè ki kòrèk la kapab pote nan lavi nou ?

⁴ Pap Pòl VI: « Si ou vle lapè, travay pou jistis ». Gade : Mesaj Jounen Mondyal Lapè 1972, epi JM, n. 6. Sou lapè ak devlopman, gade: PP, n. 87. Sou lapè ak rekonsilyasyon, gade Jounen mondyal lapè 1975. Pap Jan Pòl II sou devlopman ak solidarite kòm chimen pou lapè, gade Jounen mondyal Lapè 1987. Ak anpil lòt ...

*Twazyèm dimanch Karèm
12 mas 2023*

Lapè toutbon an se tankou yon dlo fre

Lapè se yon angajman

Egzòd 17, 3-7 : Granmèt la di : Frape bit wòch la, dlo va soti, e pèp la va bwè.
Women 5, 1-8 : Yo te vide Renmen Bondye a nan kè n, gras a Lespri Sen an.
Jan 4, 5-42 : Se mwen menm ki bay dlo Lavi a.

Kèk lide pou litiji a

Pandan twa (3) dimanch nou pral koute twa (3) istwa nan Levanjil selon Jan ki sen. Twa (3) dimanch sa yo santre sou preparasyon kandida pou sakreman Batèm, Konimasyon ak Kominyon. Yo fè n sonje pwòp Batèm pa nou tou. Yon moun ki resevwa Batèm ak Konfimasyon epi ki kominyen, l ap viv santiman ak angajman Jezi te genyen an, epi l ap pote konpòtman sa a nan diferan aktivite l yo.

Yon senbòl pou twazyèm dimanch la :
N ap prepare dlo k ap sèvi nan nwit Pak la. Dlo a toujou fè n sonje batèm nou.
Nou se manm ak menm diyite nan pèp Bondye a ki prezan tankou yon lèdven, yon limyè, yon ti sèl anndan sosyete a.



Konprann Pawòl Bondye a

- Nan levanjil la, Jezi rankontre ak yon fanm madanm Samari a epi li pale avè l. Jezi swaf. Madam Samari a bezwen dlo pou okipe fanmi li. Dlo se lavi, epi tout moun bezwen l. Konsa, pale bò sous dlo a louvri sou tout lavi a.

Lè Jezi pale ak madanm nan, li touche anpil vye koutim ak divizyon ki te genyen ant Jwif ak moun Samari yo. Gason pa pale ak fi an piblik. Jwif pa pale ak Samariten. Lavi plen ak prejije ak divizyon. Moun fè lavi a vin difisil. Gwoup sosyal yo, pati politik yo refize pale ansanm sou fason pou yo òganize jistis, sou patisipasyon chak moun ap bay, sou devlopman ak lavi tout moun dwe jwenn, sou fason pou kreye yon anvivonman kote moun kab viv, sou dlo ak lavi pou tout moun. Pou kisa moun fè lavi a vin difisil konsa ?

- Lakreyasyon an dwe ini nou, men li tounen yon espas batay pou wè kilès k ap jwenn pi plis. Jezi montre aklè divizyon sa yo pa gen sans, yo pa fè lavi avanse. Se transparans ak verite ki fè n vanse kòm pitit Bondye renmen. Divizyon yo gen pou disparèt kote moun rankontre selon Lespri, kote moun ap sèvi Bondye nan laverite selon Lespri a. Prejije ak divizyon anpeche n travay pou reyalize sa k enpòtan, sa k gen valè pou yon kominote ak pou pwojè Bondye a.

Jezi ak Samariten yo

Lapè-ki-kòrèk pa asepte pou gen moun sou kote, pou youn meprize lòt.

Nan tan Jezi, Juif ak Samariten pa t antann yo byen : pou Jwif yo, Samariten se yon pèp ki pa t pwòp pou sèvis Bondye. Jezi pa antre nan mòd panse sa a :

- Li fè lwanj pou lafwa Samariten yo;
- Li pale ak yo, ak medam yo, li asire Bondye kontan sèvis yo a ki fèt nan lespri ak laverite;
- Li pa dakò lè pami disip yo gen sa k vle rele kòlè Bondye sou yo;
- Li fè yo byen, li geri yo;
- Li rekonèt gen bon moun nan mitan yo ki obeyi sa lalwa mande.

Moun pa kab sèvi ak non Bondye pou mete moun sou kote, pou meprize frè ak sè yo.

- Dlo konn fè moun met tèt ansanm, li fè yo rankontre, men tou, dlo konn lakòz batay ak lagè. « Eske ou te mennen n nan dezè a pou n mouri swaf dlo ? » Moun pa kab viv san dlo. Yon pwoblèm konkrè pèp la rankontre nan dezè a, tankou dlo ki manke, fè l anvi tounen nan peyi lesklavaj la. Moyiz mande pèp la pou l kenbe konfyans, pou l kontinye mache, lite, avanse sou chimen chanjman ak lavi. Ansanm, ak fòs Bondye a, yo kapab reyalize delivrans yo a, epi tounen yon pèp solid. Li pa fasil pou viv diyite nou genyen kòm moun, nan transparans ak verite. Nan dezè a, pèp la dwe aprann òganize tèt li. Kounye a, li lib, se pa lezòt k ap di li kisa li dwe fè. Nan transparans ak nan laverite chak moun dwe bay patisipasyon yo. Tout sa se kado lavi a. Men, gen sa k prefere rete sou plas, defann ti enterè, tounen dèyè nan esklavaj Lejip la.
- An n akeyi lavi a, an n aprann viv li, epi òganize sosyete nou an « nan lespri ak laverite » (Jan 4,23). Dlo se siy sa ki pwòp, sa ki klè, sa ki transparan. Bò sous dlo a, bò fontèn nan, lavi jayi, epi moun rasanble pou aprann viv nan lespri ak nan laverite youn ak lòt. Se sans batèm nou kote n leve vivan ak Jezi.

Tout lakreyasyon pote yon mesaj sou renmen Bondye a, sou lavi sosyal nou ak lòt moun. Pran swen lakreyasyon se pran swen moun parèy nou yo. Pran swen pou moun mennen n nan byen viv ak tout sa Bondye kreye. Nou se yon moso nan tout sa Bondye kreye ; nou se jeran, nou pa mèt tè a.

Yon moun ki travay pou lapè

An Ayiti nou pa dwe blye **Pè Farnèse Louis-Charles**, ki te fonde kongregasyon Ti Frè ak Ti Sè Sent Terèz yo. Li te vle amelyore kondisyon lavi peyizan yo, kenbe anviwònman an nan travay latè epi grasa yon bon edikasyon rantab. Li t ap di: “Prejije ki genyen nan peyi a nan zafè travay tè ap fini lè elit yo, ak relijye ak relijyèz yo, ap kiltive latè.” Farnèse fèt jou ki 17 novanm 1905 nan Kwadèboukè, kòm sèl pitit paran l yo. Li fè etid li nan Kwadèboukè, nan lise Petyon ak nan kolèj Sen Masyal. Lavi Sen Terèz Lizye te atire l anpil, sitou “ti chimen l kote ou lage tèt ou nèt nan kè sansib Bondye a limenm.” Rèv li se te pou sove Ayiti, sove latè a ki viktim ewozyon an, fè peyi a vin bèl ak forè, epi pèmèt peyizan yo viv, paske se gadyen latè a yo ye.

Lapè ki kòrèk la se yon angajman

- Eske lapè nou anvi a, se yon rèv, nou pa p ka reyalize lapoula oswa pou kont nou ? Si se pa Bondye ki Mèt Lavi a, ki montre n chimen epi ki soutni n, n ap pèdi nan fo pa nou yo. Konsa, lapè ki kòrèk la se yon kado ... epi nou kwè - menm jan ak lavi ki se yon kado - lapè tou n ap akeyi l nan men Bondye ki Mèt Lavi a. **Men tou, sa pa dwe fè n bliye, travay pou lapè se yon angajman ... nou menm, nou pran nan lafwa.**
- **Ki sa nou kapab fè pou lapè vin jwenn nou.** Ki jan nou kapab fè yon pa pou reyalize lapè ? ... Jodi a, n ap gade kèk kondisyon ki chita anndan nou menm pou reyalize lapè, paske **se moun ki anpè ak tèt yo ki kapab travay pou lapè nan sosyete a.** Men ki sa ki kapab fèt :
 1. **Kreye lapè ak kè poze anndan nou.** Se moun ki gen kè poze anndan yo menm ki kapab travay pou lapè nan kominote a. Apresye moun ou ye a, rekonèt defo ak pwèn fò ou yo. Konsa, ou kapab kreye lapè e viv nan kè poze ak tèt ou.
 2. Nou dwe **apresye pèp nou ladan an** : pèp nou an gen anpil bon kalite ki mande nou sèvi ak yo. Nou gen yon lang ak kilti ki ini pèp la ansanm. Toupatou yo konnen ayisyen se travayè, yo konn debouye yo paske yo gen kreyativite. Tout kote yo dwe konnen nou se yon pèp k ap travay pou lapè, paske li renmen lapè toutbon.
 3. Nou dwe **aprann kominike ak lòt moun san pa gen vyolans.** Kominike ak lòt san vyolans vle di : pale ak lòt la san n pa fè jijman depi davans sou li, san n pa jije l pou di: « ou fè sa paske ou mechan, ou parese, ou pa vle, ... »; okontrè, nou dwe pale sou sa nou wè ak sou pwòp santiman n yo, san n pa fè jijman sou lòt la, paske konsa nou kapab fèmen tout kontak ak lòt moun.

4. Nou dwe konprann kouman chak epòk kapab bezwen mwayen diferan pou reyalize lapè ak jistis. Koupe tèt boule kay te yon mwayen nesèsè pou n soti nan esklavaj. Men jodi a, sa ki nesèsè se rekonèt valè tout moun, respekte diyite yo ak jefò yo, epi **mete tribinal toutbon vre** pou fini ak kriminèl, vòlè, piyajè ak tout moun k ap fè lòt abi ak enjistis.
5. **Pratike konpasyon anvè lòt moun**⁵. Sa mande yon atansyon pozitif pou santiman lòt la genyen. **Renmen ak atansyon sa a ki fè nou kapab mete tèt nou nan plas yon lòt moun, paske nou santi sa li santi ...** Konpasyon an fè n gen santiman pou lòt ; nou rive konprann li pi byen, nou vin sansib pou tout soufrans li, paske nou gen kè sansib. Konsa, nou pa kondane yon moun nèt poutèt zak li fè yo, men nou travay pou anpeche li kontinye fè move zak epi pou li tounen vin aji selon diyite l. Nou travay pou gen respè pou diyite moun, nan tout sikonstans. Sa se yon sous padon tou.

Timoun yo dwe aprann konpasyon depi yo toupiti. Li enpòtan anpil pou timoun yo resevwa kè sansib ak atansyon sa a depi yo toupiti nan men lòt yo.

Moun lasyans yo dekouvri ki jan viv lapè ak kè poze kòmanse depi lakay moun: nan jan l te grandi, nan premye eksperyans li fè yo. Se yo ki ede l grandi tankou yon ajan lapè. Paran yo ak tout moun ki mele nan edikasyon timoun – depi timoun yo anndan vant manman yo toujou – genyen yon gwo responsablite pou jan sosyete a ap ye denmen.

Nan tout relijyon, konpasyon ak kè sansib pou lòt moun enpòtan. Gade ak ki respè Jezi pale ak fanm Samaritèn nan. Yon fanm ki pa menm relijyon ak li.

⁵ Sou konpasyon, gade Karen Armstrong, yon fanm lasyans ki te etidye kesyon relasyon moun ak moun anpil nan kad etid sou relijyon yo. Pou li menm, konpasyon an se nannan lansèyman tout relijyon yo. Konsa, li panse relijyon yo genyen yon wòl apa pou ede moun viv pi byen youn ak lòt nan konpasyon ak lapè.

Yon fanm ki rele Karen Armstrong, ki te etidye relijyon yo anpil, te elabore yon deklarasyon ak gwo prensip sou « konpasyon ». Men kèk pawòl li di sou konpasyon, renmen ak jistis :

Lòd la pou yon moun pratike konpasyon, se nannan tout tradisyon relijye yo, li prezan nan tout esprityalite ak etik. Yo tout envite n pou n aji ak lòt la menm jan nou ta swete lòt la aji ak nou menm. Konpasyon an ankouraje n pou n angaje tèt nou san pran souf pou soulaje soufrans tout sa k egziste epi pou n aprann pa gade tèt nou tankou sant tout sa k egziste, men okontrè, pou n gen kapasite pou mete lòt moun nan plas santral sa a. Yo [tout relijyon] anseye n pou n konsidere karaktè sakre chak moun genyen epi pou n aji ak chak gason, chak fanm, san n pa bliye youn, nan yon respè san kondisyon nan yon espri jistis ak ekite [ki bay chak moun menm valè ak enpòtans].

Sa vle di tou, nou pa janm dwe fè vyolans sou yon lòt moun, nenpòt nan ki sikonstans, kit se nan espas piblik kit se nan espas prive. Aji ak vyolans poutèt malveyans, paske nou renmen tèt nou twòp, poutèt kolè ak egoyis, esplwate lòt nenpòt kilès li ye epi vyole dwa fondamantal li yo, ankouraje rayisab oswa avili yon lòt – menm si se lènmi nou – : tout bagay sa yo manke rekonèt menm kondisyon moun nou pataje ansanm nan, kit nou gason oswa fi. Nou rekonèt tou, nou pa toujou te kapab viv ak konpasyon. Gen sa menm ki fè lòt la soufri nan non larelijyon. [...]

An Ayiti, n ap viv nan yon sosyete « naje pou sòti ». Sosyete nou an di anpil, li san pitye, sitou pou pòv, malere ak sa k viktim egoyis lòt. Pawòl la di : chak chen niche baton ke l jan l konnen. Eske yon sosyete ki plen

mefyans ak laperèz, kote chak moun bezwen demele jan l kapab, kapab yon sosyete kote moun viv nan kè poze ak nan lapè toutbon ?

Men kèk kesyon pou antre pi fon nan koze a:

Eske timoun ak jèn yo grandi nan yon anviwònman ki ede yo travay pou lapè pi devan? Kisa k montre sa n di a? Oui ... non ...

Lapè anndan sosyete a : « Se moun k ap viv nan lapè ak tèt yo ki kapab travay pou lapè sosyal. » Kisa nou menm nou panse sou sa ?

Kisa pou n fè pou n kapab grandi lapè toutbon an anndan nou ?

Pandan plizyè ane, Komisyon Jistis ak Lapè te bay kèk moun yon distenksyon pou angajman yo pou lapè nan pwòp kominote pa yo a.

An n sonje non yo :

- **M. Mozaire AUGUSTIN, pawas Vyalè, Ti Gwav nan Lwès.**
- **M. Decla POLYNICE, yon direktè chapèl nan Fon Parizyen, Gantye, nan Lwès.**
- **M. Mercius MENORD, ki te reskonsab JILAP nan pawas Bwadlorens nan Nòdès**

Yon ti degi

*Eske dlo a kapab ede n bati kominote ?
Ki sa k ta dwe fèt pou l la pou tout moun ?*

*Jacques Roumain te ekri yon bèl woman ki rele Gouverneurs de la rosée.
Kilès ki sonje istwa a ?*

Se listwa Manyèl, yon jèn lidè kominotè ki sòt Kiba, li te kapab etidye. Kounye a, li vle mete konesans ak konpetans li nan sèvis kominote li ki divize, ki soufri tout kalite kalamite paske lapli pa vini ... Manyèl vle ede kominote l. L al chèche jouk li jwenn yon sous ki ta kapab ede kominote l wouze tè yo. Men divizyon, mefyans, hinghang ant fanmi yo anpeche pou pwojè a fèt ... Finalman, Manyèl pa reyisi. Men, se apre yo fin asasinè l, fanmi yo rive konprann. Se kòm si se lanmò l ki finalman louvri je fanmi yo ki fè yo bliye sa k te divize pou ini fòs yo pou rale dlo a wouze jaden yo ...

An n pale sou istwa Manyèl la ... Eske nou konnen evènman ki sanble ak li ? Ki sa nou aprann ladan l ? Ki sa k pèmèt yon kominote devlope toutbon vre ?

Devlopman se tout bagay ansanm : devlope lespri ak konpetans, sèvi byen ak richès lanati, ini fòs yo, kreye antant nan mitan moun, tounen bon jeran kreyasyon Bondye a, ...

Travay pou lapè ki kòrèk la an Ayiti

Nou sonje Mèt Yves VOLEL. Yo asasinè l jou ki te 13 oktòb 1987, devan lokal anti-gang sou Channmas nan Pòtoprens, ak konstitisyon 1987 peyi a nan men l, apre l te vin pran defans yon moun nan gadavi. Men ki sa k te konviksyon l : « Ou kapab touye yon moun, men ou pa kapab touye lide l ap defann nan. » Li viktim sa k te vle kenbe pouvwa nan nenpòt ki kondisyon.


Katriyèm dimanch Karèm
19 mas 2023

Lapè ki kòrèk la se yon vizyon, yon rèv ak yon pwojè

Jezi se Limyè Tè a

1 Samyèl 16,1-13 : Yave di Samyèl : « Pa jije sou sa k parèt ».
Efezyen 5,8-14 : Kounye a, nou se limyè. Mache non, tankou pitit limyè.
Jan 9,1-41 : Moun k ap simen an ak moun k ap rekòlte a, yo gen menm kontantman.

Kèk lide pou litiji a



Yon senbòl pou katriyèm dimanch la :

Nou kapab prezante syèj fèt Pak la devan asanble a (san nou poko limen l).

Nou kab esplike ki sans li genyen : l ap reprezante nan mitan n Jezi ki leve a. Se nan li y ap limen yon limyè pou chak moun ki batize.

Konprann Pawòl Bondye a

- Jezi louvri je avèg la. Avèg la rekonèt Jezi epi l ap swiv li. Pou patisipe nan misyon Lapè ak kè poze Jezi a, pou bati kominote nou yo sou yon lòt baz, nou dwe lave je n. Ki sa nou dwe wè ? Levanjil la montre akèl ki jan nèg save yo nan tan Jezi pa t wè klè. Yo t ap vyole dwa nèg avèg la ak fanmi li.
- Yo akize l mal : li nan peche, se Bondye ki pini l ; li te bay manti, li pa t avèg vre ; yo kondane l : l ap mouri nan peche l ;
 - Yo vle oblije l pou l bay fo temwayaj epi akize Jezi ;
 - Yo vle anpeche l sèvi Bondye, epi pou l pa antre nan kay Bondye a.

Pou kisa farizyen yo aji konsa ? Bèl aparans, vye divizyon, prejije, jalouzi ? Farizyen yo nan levanjil la refize wè lòt bagay pase sa yo konnen, yo plen prejije, yo pa wè sa k nouvo. Ata paran yo vin pè pran defans pwòp pitit yo.

Avèg la menm rive kwè, li pran konfyans nan tèt li ak nan Jezi, li wè klè, li wè diferan. Li deklare lafwa li, menm si yo mete l deyò nan sinagòg la. Jodi a, n ap di : l ap defann dwa l pou aji selon konsyans li anndan sosyete a. Li egzije yo respekte konviksyon li. L ap batay pou yon kalite sosyete. Li gen kouray pou fè yon rèv epi pou wè sosyete a yon lòt jan, sa n pa gen prejije ak moun sou kote.

Reve yon lòt peyi kote moun viv nan lapè ki kòrèk.

Ki sa n wè devan je n ?
Prejije kaba ;
Paran kapab okipe pitit yo ;
Otorite respekte sa k pi ba yo ;
Moun ak mobilite redwit pa bezwen wont devan lòt ;
Nepotis, koripsyon, enpinite kaba ;
Gen patisipasyon ; pa gen batay pou pouvwa k ap detwi yon peyi ...

Legliz la anseye : Lè w fè politik la byen, se **yon bèl fason pou montre renmen ou genyen pou peyi ou. Fè politik se yon bèl vokasyon.**
(EG, n. 205. *Gade Aparecida*, n.506-508 ; LS, n. 231).

Kòm fidèl èske nou anvi lapè toutbon selon sa k kòrèk la ?
Eske nou lapriyè pou li ?
Eske nou ankouraje moun ki kwè nan li epi k ap travay pou li ?

- Pwofèt la ap chèche yon Wa pou Israyèl. Li rive nan fanmi Jese, epi yo prezante l tout pitit yo, sòf youn, paske yo pa bay dènnye a enpòtans. Li pa konte menm jan ak lòt yo, li se dènnye a epi l ap gade bèt yo. Men yo tout ap twonpe tèt yo. Yo pa wè si Bondye chwazi sa k pi piti a, sa yo t ap mete sou kote a. Se konsa pwofèt la chwazi David kòm wa pou dirije peyi Izrayèl. David se zansèt Jezi.

Anpil fwa, nou plen ak pwòp lide nou, epi nou pa wè diyite ak dwa lòt la genyen, sitou sa k pi piti a. Men, atravè tout evènman sa yo nou rive konprann sa sa vle di : Bondye chwazi pòv yo pou konstwi sa k nouvo.

- Apot Pòl ki Sen an nan lekti dimanch lan, fè n konnen nou se limyè, nou dwe mache tankou pitit limyè. Chak moun dwe yon limyè pou lòt yo. Nou dwe rekonèt diyite frè ak sè n yo. Pawòl sa a gen rapò tou ak responsablite ak angajman sosyal nou yo. Lakay anpil kretyen, lafwa yo manke antre nan tout aktivite sosyal yo. Yo se bon moun, men yo pa wè si yo dwe pran responsablite pou chanje sosyete a epi pou konstwi peyi a. Yo pa gen rèv ak pwojè pou peyi a. Anpil moun refize mare lavi yo nan sosyete a ak konviksyon lafwa yo. Yo montre se avèg yo ye.

Limyè ak solèy la, bon konesans ak enfòmasyon, je ak entelijans pou wè, yon rèv ak yon pwojè : yo tout nesè pou kominote a chanje e vane. Nou bezwen bon enfòmasyon ak bon konprann; nou bezwen kouraj pou reve epi pou fè pwojè, pou pran bon desizyon epi òganize nou pou kominote a nan chimen Lapè Kris la.

Travay pou lapè ak sa k kòrèk an Ayiti

Nou sonje **Pè Ti Jan Pyè Lwi**. Li te fèt nan yon fanmi ki te gen mwayen. Li fè chwa moun pòv ak senp nan peyi a. Kòm pè li te sèvi peyizan yo nan Savanèt; li te sèvi moun nan katye popilè nan Bizoton nan Pòtoprens. Li te mennen yon vi tou senp. Li te la pou tout moun. Yo asaninen l, 3 dawou 1998, paske li te sèvi laverite a temwen devan tout moun, menm sa k nan pozisyon otorite.

Lapè ki kòrèk la se yon vizyon, yon rèv ak yon pwojè

- Nan labib la, mo ebre pou lapè se « **SHALOM** », ki vle di : **bon relasyon ak tèt ou, ak lòt yo, ak lakreyasyon, ak Bondye**. Nan mitan tout sitiyasyon kote ki pa gen lapè, moun reve sou lapè : lapè posib. Nou jwenn bèl rèv lapè nan pwofèt Miche 4, 3-4 (Gade tou nan Izayi 2, 4). Men ki jan pwofèt Miche dekri lapè ki kòrèk la :

Granmèt la ap regle kont nasyon yo gen youn ak lòt,
L ap sèvi jij pou gwo peyi yo ki byen lwen.
Y ap pran mato, y ap fè zam yo tounen zouti pou travay latè.
Y ap fè nepe yo tounen sèpèt,
Nasyon pa p fè lagè youn ak lòt ankò.
Yo pa p janm aprann fè lagè ankò.
Tout moun va viv ak kè poze anba tonnèl rezen yo, anba pye
fig frans yo.
Pèsonn pa p chèche yo kont.
Sa se pawòl ki soti nan bouch Granmèt la.

- Gen 2 bagay ki enpòtan nan sa pwofèt Miche di a :
 - pa gen lagè ankò, yo pa fè zam ankò ;
 - epi : moun yo viv yon fason senp, yo kontan ak sa latè a bay, yo pa chèche pou yo toujou genyen piplis.Pwofèt Miche envite n pou n voye byen lwen yon mantalite lagè ak yon mantalite « konsimeris »⁶ ki pa janm satisfè. An n gade byen ki

⁶ Konsimeris vle di: sèvi ak byen, pa paske ou gen bezwen, men pou gaspiye, pou grandizè, pou blofe moun, el. Konsimeris se youn nan lakòz gen grangou ak gaspiyay sou latè. Sa vle di : gen fristrasyon ak lagè. Pa kapab genyen lapè.

konsekans sa genyen lè moun yo toujou sou goumen depi gen yon dezakò ak konfli ? ... Gade byen ki konsekans sa genyen lè moun pa janm kontan ak sa yo genyen, yo toujou bezwen plis ... ki konsekans sa genyen sou sosyete a ak pou anviwònman an ?

- Yon vizyon, yon rèv ede n wè pi klè nan sa n bezwen reyalize a. Se tankou nèg la ki fèt tou avèg nan levanjil la, Jezi louvri je l pou l wè klè, pou l rekonèt li, li menm ki Prens lapè a. Konsa, vizyon an kapab tounen yon pwojè ki pèmèt nou travay pou lapè toutbon vrè a kapab fè chimen l.
- Lagè pa janm ede yon kominote vanse ... Viv ak kè poze, se viv nan verite ak nan senplisite ; se viv ak mezi epi ak moderasyon.
- Ki sa nou menm nou reve pou peyi nou an ? Gade lide sa yo, epi bay pwòp lide n ...

An n konstwi yon pwojè lapè ki kòrèk pou peyi nou an.

Kisa k dwe antre ladan l ?

Lapè lakay nou chak, lapè ak tèt nou

Satisfaksyon diferan bezwen fondamantal nou yo : kilès yo ye ?

Bon relasyon ak moun, gwoup moun, diferan klas sosyal yo, ...

Pou pa gen vyolans : paske gen jistis ak bon jesyon konfli yo.

Kreye enstitisyon Leta ki mache kòrèk e k ape de jwenn lapè ki kòrèk la.

Kreye enstitisyon, se sa k ap ede moun viv nan diyite, nan kolaborasyon youn ak lot.

Viv lafwa n nan yon legliz k ap montre nou se frè ak sè k ap travay pare

Wayòm jistis ak lapè a.

Ki kondisyon ki kapab mennen n nan sa ?

Yon ti degi

***Solidarite ak konpasyon nan lavi politik ak ekonomik:
Yon chimen pou bati Lapè ak jistis***

Gen yon seri valè etik ou moral, nou abitye pran pou yon bagay pèsònèl oswa yon bagay ki posib ant de (2) moun. Men, lè n gade yo byen, yo enpòtan pou tout sosyete a.

An n gade solidarite a

Pou anpil moun, solidarite a sanble ak yon santiman lacharite : ou nan pwoblèm, mwen solidè ak ou, epi mwen ba ou yon ti èd.

Nan Ansèyman Sosyal Legliz la, yo fè n konnen, solidarite se yon prensip oswa yon gid pou òganize tout sosyete a.

Paske gen sa yo rele « solidarite sosyal » ; gen gwoupman oubyen sendika k ap defann enterè travayè. Paske gen solidarite, gen sa n rele jodi a koperativ, ekonomi solidè ak kès epay. Paske gen solidarite sosyal gen sèvis piblik nan Leta, kote sa k pi rich peye pi plis taks pou òganize sèvis piblik pou sa k pi plis nan bezwen. Yo rele sa Leta prevwayans (Leta ki prewa) ki òganize lopital kote tout moun kapab jwenn swen, gen lekòl fondamantal gratis kòm yon dwa pou chak timoun.

Bon sèvis soyal, ki rezilta solidarite, se yon chimen pou kreye lapè-ki-kòrèk anndan sosyete a. Si sèvis sosyal sa yo, ki rezilta solidarite sosyal fèb jan yo fèb nan peyi d Ayiti, gen rezon pou sa. Ki rezon nou wè ? Ki jan nou kapab korije sitiyasyon sa yo ?

Yon bon angajman politik ede pou mete sou pye bon politik piblik pou mete ekilib ak lapè nan sosyete a. Ansèyman sosyal Legliz la pale konsa: « Politik la, yo toujou ap pale mal sou li a, se yon vokasyon ki bèl anpil ; li se yon fòm renmen ki gen anpil valè, paske li la pou reyalize sa k nan enterè tout moun nan. » (EG, n. 205)



**19 mas: Fèt Jozèf
yon moun kòrèk**

**25 mas: Fèt Manman Mari
Lanj Gabriyèl fè l konnen l ap Manman Sovè a**

*Jozèf, mari li, ki te yon moun kòrèk e ki pa t vle denonse li,
te deside ranvwaye l ankachèt. ...*

*Zanj Granmèt la di l:
Jozèf, pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari madanm ou, lakay ou.
Sa ki fèt nan li a se nan Lespri Sen an li sòti.
Matye 1, 19-20*

Senkyèm dimanch Karèm
26 mas 2023

Lapè toutbon an, tankou lavi, se yon kado Bondye

Jezi se Lavi a

Ezekyèl 37,12-14 : M a mete Lespri m anndan n, n a tounen vin gen lavi.
Women 8,8-11 : Lespri a menm fè nou viv, piske nou tounen moun kòrèk.
Jan 11,1-45 : Jezi di Mat : « Moun ki pa wè yo pral wè ... ».

Kèk lide pou litiji a

Yon senbòl pou senkyèm dimanch tan karèm nan :

Nan ofrann nan, nou pote fwi travay nou kòm siy lavi n ap chèche a ak jefò n ap fè yo pou lavi a bèl. Pè a akeyi yo epi li di yon priyè benediksyon sou yo ak sou travay nou.



Konprann Pawòl Bondye a

Devan yon pèp ki mouri, ki gen tan tounen zo, Pwofèt Ezekyèl anonse : l ap tounen viv kounye a ak fòs Yave a. Menm jan tou, Jezi bay Laza lavi. Lavi a se pi gwo kado Bondye limenm. Menm jan tou, vre kè poze a ak lapè ki kòrèk la, si n gade byen, se gwo kado Bondye lavi a bay. Bondye Jezikri a se Bondye moun vivan yo. Lapè n ap chèche a, se pa lapè ak silans simityè ak zo ki gaye, men se lavi ak lapè Sila a ki leve a.

Tout lakreyasyon plen lavi. Pèp Ayisyen an vle viv. Kò nou se kay Lespri Bondye vivan an, kominote a se kay Lespri a, tout kreyasyon an se yon tanp ki fè glwa pou Bondye. Misyon n se fè lavi fleri pou yon pèp, yon sosyete, yon peyi, pou Ayiti. Travay pou gaye lapè, pou disparèt tout vyolans nan mitan moun se chimen lavi yo ye. Yo pèmèt nou akeyi lavi ak lapè kòm kado nan men Bondye limenm.

- Frè w la ap dòmi, li pa mouri. Lè Mat, sè Laza, te swete pou Jezi te la pou sove l anba lanmò, Jezi fè l wè ki jan lafwa nan Bondye Lavi a kapab fè mèvèy. Nan menm lafwa sa a Mat deklare devan Jezi : « Ou se Pitit Bondye vivan an ». Lèt kote nan Levanjil la, Jezi fè n konnen : « Bondye se Bondye moun ki vivan ». Fèt Pak la se sa : se kwè nan pwojè Lavi Bondye ap reyalize ansanm avè n. Pwojè sa a se lapè ak lavi pou pèp la, jan listwa Laza ki tounen jwenn lavi fè n wè. Pak, se viv pwojè lavi a nan tout jan n viv youn ak lòt. Kò nou yo tou fèt pou lavi, paske Lespri Bondye abite anndan n. Si Bondye se “Bondye pèp Ayisyen”, se paske pèp Ayisyen an ap lite pou genyen lapè ak lavi epi li dakò akeyi yo kòm kado nan men Granmèt la.

- Lè pwofèt Ezekyèl t ap pale, pèp la te an egzil. Li pèdi lafas devan tout lòt nasyon. Li vin sanble yon jaden plen ak vye zosman oswa yon tonm ki sere kadav sèlman. Pwofèt Ezekyèl deja wè kisa pèp la ap devni gras ak moun ki kenbe lafwa yo, sa k viv selon espwa yo genyen nan Bondye, sa k gen renmen pou moun toutbon vre. Gras ak fidelite yon ti gwoup moun anndan pèp la Lespri Bondye ap fè mèvèy sa a. Nou kapab li moso Labib la ak anpil atansyon. Jodi a, pèp nou an sanble yon jaden ak zosman ak eskelèt ki parèt san yo pa gen lavi nan yo; epi moun yo pa santi yo anpè: y ap viv ak kè sote ak

estrès. Nou kwè nan Lespri Bondye a epi nou patisipe pou n reyalize lapè ak lavi pou pèp nou an ak tout fòs lafwa ba nou.

- Nan non lafwa nou, ki yon kado Bondye, nou dwe fè yon chwa toutbon pou lavi vanse epi pou l triyonfe. Lafwa nou nan lavi toutbon an parèt nan jan nou pran lavi sa a Bondye konfye n nan oserye. Bondye Kreyatè a mete n jeran lakreyasyon an. Lè nou patisipe epi nou pran reskonsablite n kòm sa dwa, n ap rekonèt prezans Kris la nan tout sa k egziste, menm jan ak Mat.

Nou dwe pwoteje lavi : konbat lamizè ki pa fèt pou moun, divizyon ak vyolans. Enpinite ak refize pran reskonsablite pou zak ou poze yo, se pa chimen lapè yo ye. Enpinite toujou ap rete yon blese k ap manje konsyans moun ki fè li pa kab viv anpè ak tèt li, ak lòt yo, ni ak Bondye. Enpinite pa kapab yon sous padon toutbon. Jodi a nou vle pran konsyans ki jan lavi ak lapè se kado yo ye nou dwe resevwa nan men Bondye lavi a.

Nou fèt pou lavi.

**Batèm nou deja fè n fè youn nan kò
Jezi ki leve a.**

**Sakreman rekonsilyasyon ak padon kapab
refè lapè anndan n ak lapè ak lòt moun.**

***Rekonsilyasyon, padon ak
lapè an Ayiti.***

Ki jan moun yo konprann sa rekonsilyasyon ak padon vle di?

Komisyon Jistis ak Lapè, ak ankourajman Karitas nasyonal la te fè yon pwogram Bati Lapè.

Twa gwo sesyon fòmasyon gen tan fèt, ki devlope divès fason moun kapab travay pou lapè toutbon an nan kominote yo.

- ***Bati lapè 1 te esplike sa konfli ak medyasyon vle di.***
- ***Bati lapè 2 te travay sitou sou vyolans ak nonvyolans la.***
- ***Twazyèm sesyon an te montre chimen pou travay pou rekonsilyasyon anndan kominote yo.***

Komisyon Jistis ak Lapè toujou disponib pou fòme fidèl yo nan diferan aktivite sa yo, paske lapè se kondisyon pou moun gen respè pou moun epi pou yon kominote kapab avanse nan lafwa ak renmen.

Men yon pawòl Evèk nou yo te di sou lapè nan peyi a

Konferans Evèk katolik Ayiti yo te reveye konsyans espirityèl, moral epi patriyotik tout moun pou nou kapab lite kont tout fòs mal yo ki nan nou epi ki viwonnen n k ap pouse fè zak kriminel sa yo ki bay lapèn ak dlo nan je.

« Nou lanse yon apèl prese prese bay aktè politik yo, aktè ekonomik, ak moun ki nan sosyete sivil la pou yo pran reskonsablite yo pou chèche antant ak kè poze, dekwa pou yo rive jwenn bon jan solisyon nan kriz peyi a ap travèse depi lontan.

Nou mande gwoup moun ki gen gwo zam nan men yo pou yo depoze yo. Sispann fè moun souffri! Sispann fè moun kriye! Konsa n a bay kontribisyon pa nou nan konstwi yon sosyete kote ki gen jistis, kè sansib, renmen, kote n ap viv tankou sè ak frè. Paske **lè w ap dyaloge, pale ak frè w, ou pa ka gen zam nan men w.** Dyalòg sa a mande pou yonn gade lòt nan je; pou yonn padonnen lòt epi pou n avanse ansanm. »

Mesaj nan okazyon fèt Nwèl 2021, n. 5

Lapè toutbon an, tankou lavi, se yon kado Bondye

- Toujou gen fay nan sa n vle fè. Noumenm moun, nou gen limit nou, men tou, konn gen anpil mechanste nan kè moun ak nan relasyon yo antre yo. Konsa, anpil konfli, olye yo pèmèt moun grandi, tounen vyolans ki mete moun dozado epi k ap touye.
- Si se konsa, èske sa vle di lapè enposib ? Eske sa vle di nou pa bezwen travay pou lapè ankò ? Oubyen, se sèl lapriyè ki konte ? Kisa sa vle di : akeyi lapè tankou yon kado nan men Bondye ki Mèt lavi a ?
- **Lapè se yon kado. Pawòl sila a gen plizyè sans.**
 1. Lapè ak kè poze ki mak fabrik Peyi kote Bondye Wa a, nou pa janm kapab rive jwenn li, jan n ta swete l la, nan lavi nou ak nan listwa moun sou tè a. Lapè total la se yon kado Bondye li ye.
Lapè toutbon vrè a, ki sans lavi a epi Bondye va fè n kado a, toujou pi bèl ak pi gran pase tou sa n kapab espere oswa reve a.
 2. Epoutan, Lapè ki kòrèk la nou kapab aprann li, nou kapab avanse ladan li. Nou kapab **tounen moun ki anvi, ki grangou ak swaf jistis Wayòm nan** (Matye 5, 6). Nou kapab tounen moun ki **mete men pou bati lapè** sa a (Matye 5, 9).
Kijan sa kapab fèt?
 - Nou kapab ede moun rekonsilye youn ak lòt nan verite, paske pa gen renmen san pa gen verite.
 - Nou kapab aprann viv lapè ak kè poze a tankou yon reyalite pèsònèl, fè lapè ak tèt nou, ak moun nou ye a;
 - Nou kapab viv lapè ki kòrèk la nan relasyon nou ak lòt yo, ni nan sosyete a tou. Lespri Bondye aji nan chak moun epi li fè angajman nou yo donnen.

3. Nou kapab vin pi konprann kote sosyete a bezwen jistis, sa k kòrèk ak rekonsilyasyon ; epi nou kapab tounen ajan ki travay pou sosyete a genyen plis verite ladan l.

Kote k gen yon mantalite rekonsilyasyon ak lapè, kote sa k koupab yo asepte pran responsablite pou ditò ak abi yo fè yo, kote yo asepte pou gen sanksyon epi yo asepte fè reparasyon tankou yon devwa, viktim yo tou ap santi gen posiblite pou padonnen nan verite. Men padon an, se toujou privilèj viktim yo li ye ; sa k te sibi enjistis ak vyolans se yo ki bay padon.

Jezi leve Laza; li ba l lavi kòm yon kado. An menm tan Jezi montre sa k ap tann li menm menm pi devan. Jezi pote lavi, li louvri yon wout lavi, yon wout pou lapè ki kòrèk la ak verite. Se konsa li manifeste l kòm Kris la, Sila Bondye voye a pou delivrans limanite anba divizyon, rankin ak vyolans.

Sosyete Ayisyen an genyen anpil blese ladan l. Depi nan Ginen ... se konsa pawòl la pale. Fòk nou rive geri blese ki genyen yo.

Kisa k kab fèt pou pote Lapè nan sosyete a tankou yon dlo fre k ap soulaje anpil blese, paske gen anpil anv vanjans ak fristrasyon nan mitan moun, nan fanmi yo, anndan kominote yo ak nan peyi a ?

An n chèche plizyè egzanp konkrè ki montre gwo bezwen sosyete nou an genyen pou rive nan lapè ki kòrèk la.

Ki jan nou chak, epi kòm gwoup tou, nou kapab pote kontribisyon pa nou pou lapè nan verite a reyalize ?

Yon ti degi

Sou rekonsilyasyon ak padon

- *Rekonsilyasyon ak padon pa menm, men yo konn mare ansanm.*
- *De moun rekonsilye youn ak lòt. Gen yon ale vini ant de moun sa yo. Pou sa kab fèt, pafwa gen tout yon chimen pou yo mache pou yo pa konsidere sa k divize yo ankò. Gen moun ki bezwen rekonsilye ak tèt yo, paske yo konsidere pwòp tèt yo kòm pi gwo lènmi yo.*
- *Padon se pa menm bagay. An n di sa padon an pa ye. Gen moun ki panse padon vle di : bliye. Konsa yo di : m pa ka padonnen paske m pa ka bliye. Epoutan, memwa a enpòtan, paske se li k pèmèt nou pran leson nan sa k te rive a. Memwa a enpòtan nan lavi yon moun, yon fanmi ak nan lavi yon pèp tou. Nou dwe sonje pou n pa repete ansyen betiz yo. Toujou, padonnen pa vle di : kase fèy kouvri sa.*
- *Padon se bay depase mezi. Se resevwa oswa bay sa n pa merite. Konsa, se viktim nan ki padonnen, e ki bay moun ki te fè l ditò a sa l pa merite. Padon vle di : mwen konsidere ou kòm moun, kòm frè m ak sè m, menm si ou te fè m ditò. Mwen pa aji ak vanjans. Mwen vle sa k bon pou ou.*
- *Konsa, padon pa vle di pa dwe genyen jistis. Okontrè, sa k te fè lòt la ditò a pran reskonsablite pou zak li te fè a. Li asepte yo kondane l, yo ba l sanksyon. Diyite li kòm moun mande pou yon moun asepte pran reskonsablite lè l fè sa k mal.*
- *Gen moun ki dwe aprann padonnen tèt yo : tèlman yo pa asepte yo te fè yon fo pa.*
- *Se Bondye ki sous padon an : se li an premye ki pa gade betiz nou yo, ki bay nou lòt chans, ki pèmèt nou rekòmanse viv, ki ban ou sa n pa merite. Konsa, padon se yon sous lapè li ye. Se poutèt sa Jezi montre n di : « Papa, padonnen n tankou nou padonnen moun ki fè nou kichòy. »*

Padon ak rekonsilyasyon nan sosyete a

*Rekonsilyasyon ak padon pami moun konn difisil, epi li konn pran tan pou yo reyalize l. Se menm jan tou nan lavi sosyal, nan lavi yon pèp, ant gwoup ak klas sosyal kote anpil ditò konn fèt. Konsa **rekonsilyasyon sosyal** gen enpòtans li. Epi padon tou konn enpòtan ak nesèsè.*

Legliz la te konn mande padon pou erè ak mechanste manm li yo te konn fè anvè lòt pèp ak klas moun. Pap Franswa t al Kanada nan lane 2022, mande pèp natifnatal yo padon pou yon seri erè misyonè yo te fè lè yo pa t respekte kilti natifnatal yo nan edikasyon pitit yo.

Nou sonje vizit Pap Jan Pòl II te fè nan zile Gore (fevriye 1990) kote yo te mete nèg Afrik yo ; nou sonje sa l te di sou istwa esklavaj la.

Komisyon Verite ak Rekonsilyasyon nan peyi Afrik Disid:

*Nan peyi Afrik Disid tout sosyete a te antre nan yon mouvman rekonsilyasyon apre **Komisyon Verite ak Rekonsilyasyon** te devwale gwo enjistis sistèm « apartheid » te pote, lè blan yo pa t konsidere nwa yo kòm moun anndan sosyete a. Anpil reskonsab ak aktè sistèm nan te konfese britalite yo te fè moun nwa yo sibi. Gen sa k te padonnen bouwo yo. Sa te pèmèt sosyete a te kontinye ap viv nan lapè.*

*Nan pwosesis sila a nou sonje gran wòl **Monseyè Desmond Tutu**, yon Evèk nan Legliz Anglikan, te genyen. Li te mete men pou konstwi lapè nan peyi l.*

Men yon egzanp Monseyè a te bay sou jan sa te ye nan Komisyon an:

Yon madam te fas a fas ak bouwo ki te asasinen mari l ak 2 pitit li yo. Devan li, an piblik asasen an te admèt krim li yo, epi li mande danm nan pou l padonnen l. Danm nan bese tèt li, epi li rete yon moman an silans, san l pa di anyen. Lantman li leve tèt epi li gade mesye a, epi li di: « Mwen pa kapab padonnen w, mwen pa kab ba w absolisyon. Anvan sa kab fèt, fòk ou vini lakay mwen. M ap prepare yon manje pou ou, n ap manje ansanm. Apre sa, m ap kapab padonnen w. »

Eske nan peyi nou, Ayiti, nou pa bezwen plis verite ki pèmèt rekonsilyasyon, jistis ak padon nan mitan klas sosyal yo ?

Dimanch soufrans Jezi
Dimanch Ramo
2 avril 2023
Jounen mondyal jèn yo

Lapè toutbon an pa kab konstwi nan vyolans

Jezi se Sèvitè Yave a

Matye 21,1-11 : Wa ou la ap vin jwenn ou. Li dou. Se sou yon bourik li monte.

Izayi 50,4-7 : Chak maten, Pawòl la leve m ... pou m koute l tankou yon elèv.

Filipyen 2,6-11 : Bondye leve l anlè, pi wo pase tout bagay.

Matye 26,14 rive 27,66 : « Papa mwen, si sa kapab fèt, se pou vè sa a pase lwen mwen. Men se pa sa mwen vle, se sa ou menm ou vle. »

Kèk lide pou litiji a



**Senbòl pou dimanch Ramo
a :**
Se ramo oswa branch vèt.
Branch yo se siy lafwa nou
ak espwa n nan Lavi a.

Konprann pawòl Bondye a

Ak dimanch Ramo, nou antre nan Semèn sent la, kote n ap swiv angajman jis nan bout Jezi ki Prens Lapè ak Kè poze a. Pou patisipe nan delivrans sila a, nou dwe bliye tèt nou pou lòt yo, menm jan ak Jezi, epi depase laperèz nou yo ki fè n pa rekonèt lòt la tankou frè n ou sè n. Jezi t ap viv pou lòt yo, pou frè l ak sè l yo. Tout espwa l se nan Bondye li te ye. Li se Moun Nouvo a ki chèche sa k bon pou tout moun, sa k pèmèt tout moun leve tèt yo, sa k bay yo valè ak diyite kòm pitit Bondye renmen.

- Legliz la ap swiv levanjil lapasyon (soufrans ak lanmò) Jezi daprè Matye ki sen. Tout levanjil Matye a mete anpil aksan sou enpòtans ak wòl kominote kreyèn nan. Levanjil Matye se sèl levanjil ki sèvi ak pawòl « Legliz » anndan levanjil la ; sa fè n wè enpòtans kominote a (legliz la) genyen nan levanjil sila a. Kominote Legliz la dwe sanble ak Mèt la ki tounen Sèvitè Yave a ki bay lavi l san l pa pran lavi lòt moun pou lavi kominote a. Lekti pwofèt Izayi a ede n konprann sa.

An n gade kijan patizan Jezi yo patisipe nan soufrans Mèt yo a. Nan levanjil Matye, se tout patizan yo ki montre yo fèb. Jida trayi Mèt la poutèt desepsyon ak enterè, epi li vann li pou pri yon esklav. Menm patizan yo ki te temwen Jezi lè li chanje figi sou mòn nan (gade levanjil dezyèm dimanch tan karèm nan) ap dòmi nan jaden Jètsemani. Yo deja lage batay la (v. 43). Lòt yo kraze rak paske laperèz pran yo. Pyè menm ap di li pa konnen Jezi. Epitou, lè yo envite tout pèp la ki te temwen jès ak pawòl Jezi yo pou rekonèt li pou Mesi (Sila a Bondye sakre a), yo refize fè l.

Kote mesye patizan yo fèb, plizyè medam aji yon fason konsekan epi yo pote konkou pa yo. Yo gen konprann epi yo pa kite laperèz mennen yo. Depi anvan dènye soupe a, se yon fanm ki montre li konprann kilès ki Jezi ak kisa k ap rive li. Li aji tankou yon pwofèt : li mete lwil santi bon sou tèt li. Sa se jès pwofèt yo poze pou sakre wa a. Plizyè fi rekonèt Pyè se yon disip Jezi, men Pyè ap nye l. Se yon gwoup fanm Jerizalèm ki sou bò wout la pou manifeste konpasyon yo. Madanm Pilat menm plede anfavè Jezi (27, 19). Yon gwoup fanm kanpe nan pye lakwa Jezi. Yo t ap swiv li tankou patizan l (27, 55-61). Se kèk fanm toujou ki kontinye ap veye bò kavo a. Se yo k temwen lanmò ak leve Jezi leve byen vivan. Wi, medam yo montre yo pa pè ; yo kanpe djanm.

Patizan yo kanpe lwen. Se yon chèf women etranje ki rekonèt Jezi tankou « pitit Bondye », kòm Mesi a.

Pyè ap rekonèt trayizon li, men li tounen patisipe nan kominote a. Jida rekonèt epi li regrèt konplo li t ap fè a, l al depoze lajan nan tanp lan jan lalwa mande l la, men, li manke fòs pou al rejwenn kominote a. Li manke konfyans nan padon Bondye a.

- Pou fini, nou dwe byen konprann sans soufrans la byen nan batay pou lavi triyonfe. Bondye ki Papa a pa kab pran plezi nan soufrans moun oswa nan soufrans Jezi, Pitit li. Soufrans la montre ki jan reyalyte peche a ak fòs lamò yo kanpe pou detwi lavi. Soufrans Jezi yo, montre nou kalite renmen Bondye genyen pou nou. Se renmen an ki bay Jezi fòs pou l temwen lavi jous nan bout.

Swiv Jezi, se pran lavi pa l pou modèl lavi pa n ansanm ak chwa li te fè yo : respekte diyite moun, respekte lavi ak tou sa Papa a kreye a, respekte tou sa k bèl ak bon, san pa fè vyolans sou lòt.

Jezi geri malad, epi li padonnen peche ; li konbat kote yo mete moun sou kote epi li rasanble yo nan yon sèl kominote ; li chase move lespri epi li bay kè poze : chak moun ak tout moun nan nèt enpòtan pou li ; li chante bèlte lakreyasyon an, li plen kè kontan devan l. Medam yo ki nan pye lakwa Jezi pa t kite laperèz paralize yo, men yo te pran wòl yo ak kouray kòm manman lavi sou tè a.

Vyolans ak nonvyolans an Ayiti

Anpil moun pratike vyolans san yo menm pa konnen. Yo vyole dwa lòt moun pou fè revandikasyon pa yo pase. Y ap fè presyon tout jan pou yo fè tandè vwa yo.

Gen otorite ki pa koute revandikasyon pèp la, ki pouse yo nan zak vyolan. Konn gen anpil vyolans nan jan sistèm yo bati nan enjistis, paske manke ekite ak jistis sosyal.

Pou evite vyolans, fòk enstitisyon peyi a mache byen, fòk règ yo byen fèt, fòk tout moun respekte prensip yo, ansanm ak diyite ak dwa lòt yo.

Nan lane 2022, Legliz Gonayiv la te viktim anpil vyolans kont Legliz yo ak lekòl katolik yo. Nou kapab li yon nèt Monseyè Marie-Yves Péan te ekri sou sa nan mwa sektanm 2022.

Nou pa kapab konstwi Lapè ki kòrèk la nan vyolans

- Ki sa mo vyolans vle di ? **Vyolans se tout sa ki kraze ak touye lavi anndan nou, nan lòt la ak nan sosyete a. Vyolans se lanmò.** Poutèt sa vyolans la ye, nou dwe evite l. Men, anpil moun konn fè vyolans san yo menm pa konnen : kraze brize, pale di, joure, blese sansiblite moun ... tou sa se vyolans.
- **Anpil moun panse se konfli (lè moun pa gen menm lide) ki vyolans.** Se pa konsa sa ye. Konfli nan mitan moun, se rezilta diferans ki genyen nan mitan nou, epi **diferans yo dwe anrichi n, yo pèmèt nou aprann nan men youn lòt.** Konsa, lavi nou ak sosyete kapab vin pi bèl. Gade nan fanmi : mesye ak madam diferan, yo gason ak fi, yo genyen karaktè, tanperaman ak sikoloji pa yo, yo gen diferan fason pou wè reyalite yo, yo chak sòti nan yon fanmi. Diferans sa yo dwe yon richès ki pèmèt yo avanse.
- **Yo rele « nonvyolans » tou : « fòs verite a ».** Yo konn fè diferans ant « nonvyolans prensip » : sa se moun ki pa janm sèvi ak vyolans, nan okenn sikonstans ; selon konviksyon yo, selon kwayans yo, selon yo vle fidèl ak ansèyman Kris la. Gen lòt ki adopte yon « nonvyolans pratik ». Selon sikonstans yo, yo konprann se nonvyolans ki pi efikas nan pi fò sikonstans yo. **Tout nonvyolans dwe aktif,** nou pa chita ap tann, men nou angaje tèt nou pou verite ak tèt ansanm.
- **Lènmi lapè se pa konfli ak diferans, men se vyolans.** Kote moun pa jere konfli yo byen, si yo pa aprann viv ak yo, si yo pa aprann nan sa lòt moun pote bay, vyolans kapab mete pye : youn vle blije lòt panse

menm jan ak li, aji menm jan ak li, ... Sa touye divèsite ak richès ki genyen nan mitan moun.

- **Jodi a nan dimanch Ramo, Legliz la gade Jezi ki Sèvitè Yave a, ki chwazi yon chimen san vyolans, yon chimen lakwa pou pote mesaj liberasyon, delivrans, jistis ak lapè bay tout moun.** Jezi te pran vyolans lan sou do l, san l pa t reponn ak vyolans. Nou chwazi moman sa a, pou n gade diferan chimen ki pa gen vyolans ladan l pou travay pou kè poze ak lapè toutbon vre a.
- Li nesèsè pou n aprann jere konfli yo san vyolans pa mete pye. Men kèk nan chimen sa yo:
 - + **Kwè nan diyite chak lòt moun, se sa k fondman an.**
 - + Aprann **jere pwòp santiman ak laperèz nou yo.**
 - + Aprann **kominike ak lòt la san pa gen vyolans** nan jan n pale ak li. Sa vle di: lè n pale ak yon lòt moun, pa di sa n panse pou n fè yon jijman sou li, men pito di sèlman sa n wè, sa n konstate, san pa gen jijman nan pawòl nou.
 - + Aprann **koute epi fè dyalòg.** Premye kondisyon dyalòg se konn koute lòt la. Nou kapab fè dyalòg la yon fason dirèk, men li kapab endirèk tou.
 - + Aprann **negosye.** Konsa, tout moun jwenn, pa gen moun ki pèdi.
 - + Asepte pou lòt moun ede n pou n jere konfli nou yo, paegzanp pran yon abit pou **fè arbitraj** e ki montre sa lalwa peyi a di sou konfli k ap divize nou.
 - + Nou kapab chwazi tou pou antre nan **medyasyon** ak asistans yon lòt moun, ki medyatè. Men se moun ki nan konfli yo ki vle epi ki dwe jwenn yon solisyon.
 - + Lè n antò, **asepte nou gen tò** ; asepte yo ban nou yon sanksyon.
 - + Montre nou dakò pou repare tò nou te lakòz la, ni tò viktim nan te sibi a, ni tò sosyete a te sibi tou.
 - + Nonvyolans se pa sèlman pale ak **negosye**, men tou : **defann yon kòz ki jis, epi mennen aksyon rezistans** jouk dezobeyisans sivil,

pou kreye kondisyon pou fè negosyasyon. Se pa dyalòg pou kont kò l ki solisyon pou konfli a.

Petèt nou pa abitye ak diferan chimen sa yo. Mande yon moun ki konnen yo pou bay plis espplikasyon epi pou bay fòmasyon sou yo. Si genyen yon komisyon pawasyal Jistis ak Lapè lakay nou, li kapab ede n nan sa.

- Nou dwe aprann reyalize lapè mezi nou kapab. Lapè pa rive konsa konsa. Nou dwe aprann konstwi lapè tipa tipa. Anplis, **kè poze ak lapè n ap chèche a dwe yon lapè ki kòrèk, ki pa sèvi dra pou tout kalite enjistis, enpinite, diskriminasyon, mete moun sou kote, el.**

Si tout moun chèche lapè ak senterite, anpil vyolans pa janm ap fèt.

Kèk pwèn pou refleksyon n :

- *Ki jan n gade tout vyolans ki genyen ? Eske moun pa gen dwa pwoteje tèt yo, peyi yo ak patri yo ?*
- *Eske genyen yon vyolans ki lejitim ? Ki wòl lapolis genyen ? Ki sa n panse ? ...*

Si yon moun fè n ditò, wi, vyolans kapab lejitim. Se sa yo rele « defans lejitim ». Menm jan an tou, anndan sosyete a, lapolis gen yon wòl pou konbat malfektè, selon prensip etik ak moral ki fè kòd deyontoloji lapolis la.



Ti degi

Yon òganizasyon k ap chèche lapè ki kòrèk ak rekonsilyasyon nan mitan moun : **MIR (Mouvman Entènasyonal pou Rekonsilyasyon an)**. Yo fonde l kòm yon repons apre pakèt soufrans, vyolans ak divizyon premye lagè mondyal la te kreye nan peyi Ewòp yo ak atravè mond lan. Mouvman an pran pozisyon kont lagè, kont tout preparasyon pou fè lagè. Mond la bezwen gerizon ak rekonsilyasyon, se sa fondatè yo te wè. Renmen nan aksyon gen fòs pou chanje sistèm ak chapant politik, sosyal ak ekonomik ki pa jis yo.

Jodi a, mouvman an genyen branch ak lòt mouvman ki asosye ak li nan 40 peyi, nan tout kontinan yo. Yo chèche pou depase tout divizyon ki mache ak peyi yo ki lakòz anpil konfli ak vyolans. Pami manm yo nou jwenn moun ki kwayan nan diferan relijyon, nan diferan tradisyon esprityèl, ak moun ki genyen lòt sous motivasyon pou pran angajman anfavè non vyolans.

Kèk moun ki te manm nan mouvman an:

Chèf Albert Luthuli
Dr. Martin Luther King
Adolfo Pérez Esquivel



Semèn Sent

Seremoni pou chanje kè nou

Nan okazyon fèt Pak la, Legliz la envite fidèl yo chanje kè yo toutbon. Li envite nou pran konsyans reskonsablite sosyal nou yo pou lavi blayi. Lè n deside rekonsilye, lè n deside konfese, se paske nou rekonèt fot ak mank nou yo, se paske nou pran konsyans pwòp reskonsablite nou genyen devan tout sityasyon lanmò n ap viv.

Daprè sa n te reflechi sou yo pandan tan karèm sa a, nou vle kalkile sou angajman n anfavè yon devlopman ki total kapital toutbon pou chak moun ak pou tout sa moun ye nèt.

***Lekti labib** (Chwazi youn nan lekti tan karèm yo).*

*Nan **meditasyon an**, nou kapab fè moun yo sonje kèk nan valè sosyal ak etik nou dekouvri nan tan karèm nan. Nou kapab poze kèk kesyon ki ede mare valè sa yo, angajman nou nan sosyete a ak konviksyon lafwa nou yo kòm kreyen. Gen konpòtman ki fè sosyete a anpil mal : tankou koripsyon, endiferans devan pwoblèm sosyete a. Gen mank angajman nan fanmi nou, nan kominote nou, nan katye nou, nan legliz nou. Gen peche ekolojik, lè n refize gade domaj n ap fè kreyasyon nou fè pati ladan an. Gen enjistis tout jan, refize wè, mank angajman pou tè a vin bèl. Gen endiferans devan sans lavi nou genyen nan Jezikri ...*

Avni nou, se nan men nou li ye ak fòs Lespri Sen an.

- Nou gen diyite, epi nou reskonsab youn pou lòt.
- Respè pou lavi ak pou kò moun se pi gwo kòmandman nan relasyon n ak lòt moun nan sosyete a.
- Patisipasyon nou pou peyi a vin bèl, gen relasyon dirèk ak diyite nou genyen kòm moun.
- Nou dwe tounen yon kominote k ap swiv Jezi ki temwen Lavi a.
- Ki jan nou wè tan n ap viv la ? Eske nou wè prezans Bondye Lavi a nan li ?

Mande padon

Anvan fidèl yo avanse pou fè konfesyon yo, nou kapab lapriyè ansanm, ak yon tèks nou jwenn nan Fè sa pou nou sonje mwen, liv A-1.

***Veye fèt Pak la
Dimanch Fèt Pak la
9 avril 2023***

Lapè toutbon vre a nan yon Ayiti ki twouble

Lapè Kris ki leve a

Travay Apot yo 10, 34-43 : Nenpòt moun ki kwè nan Li, va jwenn padon.
Kolòsyen 3, 1-4 ou 1 Korentyen 5, 6-8 : An n fete nan sa ki pwòp ak nan laverite.
Matye 28, 5 : Nou pa bezwen pè.
Jan 20, 1-9: Fòk li leve byen vivan sòti pami mò yo.

Kèk lide pou litiji a

Yon senbòl pou dimanch Pak la :
Nou kapab reprann senbòl ki te sèvi pandan tan karèm nan, oswa nou kapab sèvi ak youn nan yo pou montre ki jan lavi Pitit Bondye yo, se lavi pou tout sa Bondye kreye.
Nou toujou ap sèvi ak dlo ak limyè lè n renouvle pwomès batèm yo.
Angajman batèm nou fè n gade tou ki patisipasyon nou dwe bay nan lavi sosyete a.

Konprann Pawòl Bondye a

Tout mesaj fèt Pak la santre sou reyalite Lavi tounèf la. Yon Lavi k ap anvayi epi k ap transfòme lavi nou sou tè a, epi lanmò pa janm kapab detwi l. Nan Jezi ki leve a, nou jwenn sans lavi n ap chèche a. Nou fèt pou lavi.

Se Bondye ki ofri n chimen Lavi tounèf sa a.

Nou reponn sou Lavi tounèf sa a ak lafwa.

« Wete vye leven an » : Retire sa k bay yon gou anmè nan ou menm. « Chèche sa k anwo a » : Mennen yon lavi ki dakò ak sans lavi n ap chèche a.

Pandan tan karèm nan nou t ap gade sa k fè lavi n pran tout sans la pou Peyi kote Bondye Wa a.

Nou t ap chèche vrè valè yo ki bay lavi n tout sans li genyen.

Lavi pou tèt nou

Lavi nan fanmi ak kominote nou yo

Lavi peyi n : nan divès domèn sosyete a : politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl

Lavi ki nan bon relasyon respè ak tout sa Bondye kreye

Lavi ak Bondye, paske se li k Mèt tout lavi.

Mesaj Jezi ki leve a transfòme lavi a nèt nan tout dimansyon l genyen. Li fè n viv nan laverite, renmen ak lapè ak tèt nou, ak lòt ni ak Bondye.

Apot Pòl di n pou n kite dèyè tout sa k vyeyi n ; vye ledven an, pou n kapab viv pou sa k anwo.

Tout lavi gen yon dimansyon Peyi kote Bondye Wa a ladan l. Se nan jan n ap viv nou prepare lavi nou espere nan Jezikri ki leve vivan an.

Tout sa k bay lavi n valè, ki fè l vin pi bèl, pi kòrèk.

Bondye – se konsa Pyè pale – pa gade sou figi moun. Li dakò ak tout sa ki respekte l, e ki fè sa ki drèt.

Ki jan sa ye nan peyi d Ayiti?

Anpil chimen dwe fèt toujou pou tout moun tande Levanjil la tankou yon mesaj Lapè ki pa reziyasyon, kase fèy kouvri sa, oswa asepte nenpòt kondisyon ki pa fèt pou moun.

Lapè mande respè pou lavi ak kò chak moun, yon mesaj k ap libere tout moun nan tout kalite esklavaj, pou yo kab leve tèt yo kòm yon pitit Bondye renmen e ki temwen lafwa yo nan Jezikri ki leve vivan.

Tout sa n ye kòm moun, se kado Bondye. Konpetans ak talan nou yo. Nou sèvi ak yo pou tè a kapab bèl.

Konpetans yo dwe mache ak yon konsyans moral oswa etik ki kòrèk.

- Pandan tout tan karèm nan, nou te gade ki jan nou kapab patisipe pou fè lavi jèmen nan mitan nou ak anndan tou sa Bondye kreye, pou sosyete nou an kapab tounen yon ti goute Peyi kote Bondye Wa a. Nou te gade lavi tankou yon kado nou resevwa, men tou, nou dekouvri Lavi tankou yon misyon.

Men kisa Lapè mande :

- Respè pou lavi chak moun ;
- Respè pou diyite chak moun ak chanjman ki nesèsè nan kilti n ;
- Tout moun se moun, tout moun egalego ant yo menm, tout moun se frè ak sè paske Bondye se Papa nou tout ;
- Verite ; pa dwe gen manti, bèl aparans ak mawonaj nan mitan moun, men verite ak transparans ;
- Pataj kote richès tè a sèvi pou lòt tou : pa dwe gen gaspiyay ; tout lakreasyon montre renmen Bondye a e merite tout respè bò kote n ;
- Talan ak konpetans mwen yo dwe nan sèvis kominote a ;
- Kaba laperèz, epi travay pou relasyon ki chita sou konfyans ;
- Konsyans kote n koute Lespri Bondye ki anndan n : pou reyalize sa k bon pou lòt la, pa sèl nan avantaj pèsònèl mwen.
- Bondye Lavi a gen plas li merite kòm Papa a ki rasanble tout pitit li yo nan Jezikri ki leve a, anba limyè ak fòs Lespri Sen an.

Pandan tan karèm nan, nou te nonmen non kèk moun nan peyi d Ayiti nou rekonèt tankou moun ki t ap bati lapè-ki-kòrèk nan peyi a : Lapè ak Jistis. Nou chak nou konnen moun konsa toujou.

An n nonmen non yo. An n pataje eksperyans nou te genyen ak yo.

- 1.
- 2.
- 3.

Lapè ki kòrèk Jezi bay la nan mitan twoublay peyi d Ayiti

- Levanjil Jezi pote a se Levanjil Lapè ki kòrèk la. Nan Levanjil selon Sen Jan, se Jezi ki leve ki swete lapè, lè l di : « **M ap ba nou kè poze. M ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen pa p fè li pou nou dapre jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn.** » Lapè Jezi bay la, se lapè tout moun ap chèche, men Jezi di : l ap ba li nan yon lòt fason, pa selon prensip yo ki nan lemonn. **Si n mande ki diferans ki genyen ant lapè Jezi a ak lapè n ap chèche a, se pa nan sa lapè ye a, men se nan chimen n ap swiv pou n jwenn li.**
- Tout moun ap chèche kè poze. Men, ki sa moun ap chèche vreman ? Moun vle pou anyen pa twouble lespri ak nanm yo ; anyen pou twouble lapè nan kominote ak nan sosyete a, tankou lagè, ensekirite, kidnaping, grangou, vyolans ak gwo divizyon. Epoutan, lapè kè popòz sila a kapab kache anpil enjistis, kè sote ak kè kase. Konsa, nou andwa poze tèt nou kesyon : nan ki chimen moun yo ap chèche lapè ? **Ki sa yo dakò sakrifye pou lapè ak kè poze vin jwenn yo ?**
- **Kisa k mak fabrik lapè nan jan Jezi pote l la, se lapè Kris la ki pote mak Lakwa a : se nan bay tèt li lapè sa a kapab reyalize ;**
 - Lapè ki kòrèk Kris la se respè pou pòv yo ; Lapè Kris la se jis nan renmen lènmi an yo reyalize l ;
 - Lapè ki kòrèk Kris la se nan konvèsyon ak chanjman mantalite li fèt ;
 - Lapè Kris la pa pwoteje n kont kapris politik yo, men li mande pou se pa politik la ki dominan n : politik se sèvis kominote a li dwe ye (gade sa n te etidye nan paj 28).

Se menm jan ak ekonomi an ki dwe tounen yon aktivite nan sèvis lavi moun; li pa dwe yon aktivite pou fè kèk moun vin rich sou do lòt.

- **Lapè Kris la chita sou jistis, verite ak sa k kòrèk, sou respè pou moun yo mete sou kote yo.**
- **Jezi pa retire n nan mond lan, okontrè, li envite n pou n swiv li nan mond lan pami lòt moun, pou konstwi vre kè poze ak lapè ki kòrèk sa a.**

Ki sa sa vle di pou nou menm nan peyi d Ayiti ak pou jan n ap travay pou lapè ak kè poze ?

- An n gade **kèk konsekans nouvo vizyon sila a** :
 - Pa idantifye yon moun nèt ak move zak li fè a, men bay li yon nouvèl chans depi sa posib.
 - Travay pou rekonsilyasyon ak padon nan kominote yo.
Note byen: padonen pa vle di nou dwe egare; padon mande siy vizib ki montre gen volonte chanjman lakay koupab yo ...
 - Konbat enjistis toupatou, san n pa bliye tout enjistis ki genyen nan sistèm jidisyè a menm.
 - Chanje fason nou pale epi reflechi sou Bondye ... anpil bagay nou lage yo nan men Bondye kòm si Bondye la pou regle zafè n, pou tire vanjans (sa n rele « fè jistis »). Okontrè, Bondye nou se yon Bondye ki renmen ni sa k bon ni sa k move ... epi ki mande n antre nan menm chimen an.


Ki lòt bagay toujou ki kapab fèt nan peyi n pou tabli Lapè Kris la selon chemin Kris la ?

Lapè ... yon reyalite pou viv

Solo : Lapè o ... Lapè anye a ...

***Lapè, se yon reyalite pou n viv, se sa nou tout dòmi reve :
Timoun, jèn moun, granmoun : ansanm ! Al on konbit enteresan!***

- 1. Kote m pase, s on sèl koze! Se lapè tout moun ap chèche !
Lapè toupatou e pou toutan, nan kò, nan kè ni nan lespri !*
- 2. Mwen tande rèl yon prizonye, se lapè nanm l ap soupire !
Nan chenn, nan fènwa, lasoufrans, sa k enpòtan pase lapè.*
- 3. Lè pou pitit manman about, se lapè ki pou konsole l !
Lè pou madanm mesye san souf, lapè, se mwatye solisyon l!*
- 4. M gade adwat m gade agoch, m ape mande kote lapè?
Lapè kote w ye di mwen non ! Menm nan ziltik m a va chèche w.*
- 5. Men mwen tande yon vwa reponn, pou di sa ta lapè zanmi ?
Wi se mwen menm, mwen fè sèman ! Si w vle jwenn mwen gen
yon sekre !*
- 6. Sekre mwenm menm lapè tou senp, dènye timoun piti genyen l !
Viv nan renmen ak verite, viv nan lajistis n a jwenn mwen!*
- 7. Mwen menm lapè m pa p refize vin fè ladesant lakay ou !
M ap fè w tounen pwofèt lapè, nan yon sosyete k an boulvès !*
- 8. Lè nou koute vwa malere, rèl travayè ki san defans,
Lè nou respekte dwa tout moun, lè sa a, Bondye se lapè nou !*
- 9. Wi, viv lapè, aba lagè ! Viv dènye kras pitit lapè !
Aba lagè, aba rayi ! Viv tèt ansanm, Allelouya !*



Emayis

***Mwen kite kè poze pou nou. Mwen ba
nou kè poze pa m lan. Se pa jan tè a bay
li mwen ba nou li. Jan 14, 27***